ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№245 (22.903) • 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Урысей Федерацэм и Президент

Къэралыр щытыкIэ гугъум къызэрикIыфынум шэч кытрихьэркъым



Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъэгъазэм и 18-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцым хамэ къэрал, урысей журналистыр 1250-рэ хэтащ. Сыхьэтищрэ дакъикъипщIкIэ екIуэкIа зэпсэльэныгъэм къэралым и Iэтащхьэм жэуап щиритащ упщIэ 53-м. Дауи, гурыIуэгъуэщ абыхэм я нэхъыбэр къэралым и экономикэм, Украинэм, Къырымым, санкцэхэм, валютэхэмрэ сомымрэ я Iуэху зыIутым теухуауэ зэрыщытар.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫР Путин Владимир иублащ блэкIа илъэсым къыриубыдзу Урысейм зригъэхъулIахэмрэ зи ужь итахэмрэ кIэщIу тепсэльхьыныжьмкIэ. Псом ящэу кьигъэльэгъуащ УФ-м и ВВП-м процент 0,7-кIэ зэрыхэхъуар, нэгъабэ тIэкIу кьиузэтеувыIауэ щытами, промышленностым зэрызмужьыжьар, къыщIагъэкIхэм я бжыгъэм процент 1,7-кIэ зэрыхэхъуар, мэкъумэшыщIэхэм гъавэу тонн мелуани 104-рэ мы гъэм кьиузэрыраехьалIэжар, нэгъуэщIхэри.

- Финанс Iуэхур щызэпIэзэрымыт къэхуами, мыгъэрей федеральнэ бюджетым профицит иIэу зэхэдгъэуващ, нэгъуэщу жьпIэмэ, дгъэкIуэдынум нэхърэ сом триллион 1,2-кIэ нэхъыбэ хэхъуэу диIэнущ, ар ВВП-м и процент 1,9-рэ мэхъу, - жиIащ Путиныр. - Псэуфэмк ехьэлIауэ жьпIэмэ, кьалъхъм я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ, мазищым къриубыдзу цIыху мин 37,1-рэ кьытхэхъуащ, лIэм я бжыгъэр нэхъ мащIэщ.

Экономикэр зэрыт щытыкIэм, сомыр пуд щIэхъум теухуауэ дяпэкI жиIащ:

- Нобэ дызыхэт гугъуехьэм лъабжьэ яхуэхъур экономикэм и IэпсэыкIэрщ, ар энергокъару, щыдагъэ, газ уасэм ятIощхьэуэ зэрызыщытырщ. СыздрепытымкIэ, УФ-м и Банк Нэхъыщхьэр Правительствэри Iуэхур нэхъыфI зэращыныпылъщ. Согугъэ мы махуитIым хамэ къэрал валютэхэм я уасэм хэщIу, сомым и пщIэр зэрыхэхъуэжар дяпэкIи иIыгъыну. Дэ 2008 гъэм къэдгъэсэбэпауэ щыта Iэмалхэм иджыри дыхуекIуэну зыдогъахьэзыр. Ауэ щыхъукIи, цIыхухэм ядэIэпыкIуэныр, пенсэхэм, бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэм хэгъэхъуэныр Iэпэдэгъэлэп тщIы хьэунукъым.

Путин Владимир жиIащ зэрамыгугъауэ щытыкIэм зихъуэжмэ, зыхуагъэувыжа къалэнхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну зэрыхьэзырыр, къэралым и экономикэр щытыкIэ гугъум кьиузэрикIынур и фIэщ зэрыхъур.

Зэман дапщэ ихыну абы? Къэрал унафэщым кьиузэрилъытэмкIэ, илъэситI хуэдэкIэ мы гугъуехьэм дыхэтынущ. «Абы иужькIэ зыужьыныгъэм дызэрыхуэжIэну увыпIэмкIэ къулыкъу телефоныр зэрызыIэщIумыгъэкIынымрэ уегупсысмэ, зыри зэрыпхуэзэфIэмыкIынур.

Унафэщым иужьрейуэ ирата упщIэхэм ящыщщ 2018 гъэм екIуэкIыну Президент хэхыныгъэхэм хэтынрэ хэмытынрэ. Путиным жиIащ абы теухуауэ мурад пщIыныр хэт и дежкIи зэрыпасэр. «Урысей Федерацэм щыпсэу цIыхухэм яфI зыхэлъ Iуэхухэр пэжжныкъуэ иджыпстэу зи ужь дитыгъхьэр. Мис абы къриIуэхэм къагъэльэгъэнуэ хэхыныгъэхэм хэт хъунухэмрэ мыхъунухэмрэ», - дыщIигъуащ Президентым.

Къэрал унафэщым зыбжанэрэ кьиузэгъэщащ къэралым щекIуэкI сыт хуэдэ IуэхумкIи Президентым жэуапlimныгъэ зэрихьыр, абы зэи зэрытемыкIар.

Пресс-конференцым щата упщIэхэмрэ абыхэм я жэуапхэмрэ кьиузэщIэпкъуэжмэ, жьпIэ хъунущ Президентым Урысейр щытыкIэ гугъум кьиузэрикIынур, дунейпсо экономикэм пIэ бидзкIэ зэрыхуэзэфIэнур и фIэщ зэрыхъур.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

ЗЭкIэ кьиузэрабжамкIэ, илъэсым кIриубыдзу бюджетым и Iэнатlэ псомэ сом меларди 12,4-м нэблагъэ е 2013 гъэм елъытауэ сом меларди 2,4-кIэ (процент 124-кIэ) нэхъыбэ кьиузэщIагъэуIуэнущ (ику иту къэралым ар процент 110-м щынэблагъэу аращ).

Социальнэ Iэнатlэм теухуауэ: илъэсыр иуэхыку псэуныгъэм хуэгъэза Iуэхущапlэу 155-рэ хьэзыр ящIынущ. Илъэситхум - 2009 гъэм щегъэжьауэ 2014 гъэм нэсыху, апхуэдэ Iуэхущапlэу яухуар 113 хъууэ араща.

Нобэм ирихьэлIэу лажьэу яутIыпщащ Iуэхущапlэу 90-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу узынщагъэр хъумэныжьмкIэ Iэнатlэм хиубыдзу Iуэхущапlэ 13 яухуащ, зэрагъэпэщыжащ е кьагъэщIэрэщIэжащ. Илъэсыр иухыным кьэнжьа зэманым къриубыдзу иджыри Iуэхущапlэ 40 лажьэу яутIыпщынущи, абыхэм ящыщу 37-р республикэм и жылагъуэхэм дащIыхьа фельдшер-акушер пунктхэрщ. Медицинэ дзэпкъыгъуэгъу псынщIэм папщIэ автомашинэу 60 кьаIэрыхьащ, абы щыщу машинэ 45-р республикэ бюджетым и ахъщэкIэ кьащэхуащ.

Спортым и Iэнатlэм хиубыдзу IуэхущапlэщIэу 8 яухуащ, илъэсыр иухыху иджыри узынщагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексу 4 кьиузэIуахьынущ.

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм: псори зэхэту сабий 640-рэ зыщIэхуэн курыт еджапlэу 3 яуэсри, кьиузэIуахаш. Дызэрыт илъэсым къриубыдзу зи школ кIуэгъэ I мыхъуа сабийуэ 1025-рэ зэкIуэлIэн Iуэхуэщапlэу 6 хъэзыр ящIынущ.

Щэнхабзэм и Iэнатlэр къапщтэмэ, республикэм и театр нэхъыщхьэу 3-м, Налшык курортым щэнхабзэмкIэ и Iуэхущапlэм я унэхэр зэрагъэпэщыжащ.

Псэупlэ-коммунальнэ комплексым хиубыдзу унагъуэзэмрэ лажьэапlэзэмрэ псыкIэ кьиузэзыгъэпэщ Iуэхущапlэу 6, газкIэ яхуэзыкутIыпщу апхуэдизу дыдэ лажьэу хуежащ. Налшык къэралым и жылагъуэ транспортым папщIэ иджырей троллейбусу 10 кьащэхуащ.

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр апхуэдизу. Ауэ дэ нэгъэсауэ хьыдгъэрIоIуэ псэуныгъэм ехьэлIауэ къэув кьалэнхэр зэрыиныр икIи ахэр дзгъэкIынымрэ ерыщу дгъэхьэну ди мурадщ.

Шынагъуэншагъэм теухуауэ: жылагъуэм, цIыху щхьэхуэхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным иIэ мыхьэнэр зэрыиныр къызыгурымыIуэцIыху къэгъуэтыгъуейщ.

Республикэм щыIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щIыжыныкIэ Iажьыгъэшхуэ яригъэкIуэкIащ федеральнэ Iэнатlэхэм, федеральнэ кьулыкъущIапlэхэм ящыщу республикэм и щIыналъэм щыIэхэм. Дэ тхузэфIэкI къэдгъэнакьым властым и кьудамэ псори, жылагъуэ Iэнатlэхэри мы Iуэхум къыкъуэзщIэгъэуIуэри и Iэныкьуэкъащ. Ауэ абыхэм япхъ иткIэ къызыфIэщIыжу тIысыжьмы зыми хуитыныгъэ иIэкъым. Къэралым и дэтхэнэ субъектми щыIэ щытыкIэр а щIыналъэм Iажьыгъэр къызэрыщыщIэзэрэпщам къыдэкIуэу, абы и щIыбкIи щекIуэкIхэм кэуджкIэ ельытащ. Апхуэдэ зэхэщIыкI диIэу икIи дызэщIэгъэзэрыуэу дызэдэмыплажьэмэ, дэ зыри тхузэфIэкIынукъым. Ящыныкъуэхэм щIоупщIэ: «Сыт мэзым щIыхьэжхэр, нэгъуэщI хабзэншагъэхэр зыпежьхэр щIыщIэр?» Ящыныкъуэхэм абы и жэуапу къагъэльагъуэ хуэмышIэжар, щIакъуэу Iыхьэ зимыIэжэр зэрыщIэр, апхуэдэ гуэзвэгъуэм куэд зэрыриухужьэр. Ауэ хуэмышIауэ, шхын хуэныкъуэ щыIэ псори абатомтхэр зэрамым къыдыкьэмэ, дауэ зэрыхъунур?! Араши, гугъуехьэр щIэпхъаджагъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэр къэпIытыгъэ тэмэмкъым. И мыхьэнэр зыкIи нэхъ мащIэкъым унагъуэ зэхэтыкIэм. Шынагъуэншагъэр куэдым ельытащ, абы хьихьэ Iуэхухэр къызэрымыкIуэщ икIи гугъуэ. Мы Iэнатlэм екъуIэныгъэ щыдиIэн папщIэ псомэ ди зэфIэкIхэр зэдгъэуIун хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КIУЭКIУЭ Юрий: «Сыт хуэдэ гугъуехьхэр щымыIэми, экономикэм зэпIэзэрыту зиужьу хуежьащ»

Ди газетым зэрытетащи, дыгъэгъазэм и 17-м КъБР-м и Iэтащхьэр Правительствэм и Унэм щаIуэщIащ республикэ, федеральнэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэхэм я унафэщIхэм. Илъэсым кърикIуэхэм ятеуэуа пресс-конференцым щIэсахэр щIэупщIауэ республикэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху куэдым. Абыхэм КIуэкIуэ Юрий ярита жэуапхэм кIэщIу щыгъуазэ фыдощI.

Гъэ кIуам елъытауэ дызэрыт илъэсым бюджетым и Iэнатlэ псомэ сом меларди 2,4-кIэ нэхъыбэ къыхуэзащIагъэуIуэнущ. ЗэкIэ кьиузэрабжамкIэ, валовэ щIыналъэ продуктыр сом меларди 117,6-м нэблагъэнущ икIи 2013 гъэм ельытауэ процент 106,3-м щIигъунущ.

Промышленностым и продукцэу щэхуакIуэхэм хурагъэшам и уасэр сом мелард 47-м нэблагъэу къалъытащ, промышленностым и зэфIэкIыр нэгъабэ ельытауэ процент 110-рэ мэхъу. (Нэгъабэ а бжыгъэр процент 91,7-рэ хуэу щытауэ араща).

Мэкъумэш продукцэр иджы зекIуэ уасэхэм ятещIыхьауэ сом мелард 35,7-м щIегъу е 2013 гъэм ельытауэ процент 102-рэ мэхъу.

Ухуэныгъэм и Iэнатlэм кьиузэдгъэкI илъэсым лэжьыгъэ сом меларди 9,5-рэ и уасэ щыIэзфIагъэкIащ, 2013 гъэм ельытауэ ар процент 122,2-рэ мэхъу. Ахъшэм и зэкIыпIэ псомэ я хьэжькIэ мы илъэсым къриубыдзу псэупIэу метр зэбгъуэнатIэ мин 327,7-рэ е нэгъабэ ельытауэ процент 112,7-рэ ящIынущ.

Мыльку нэхъыщхьэм кьиузэщIагъэуIуэ инвестициэхэр сом мелард 30-м щIигъу е блэкIа илъэсым ельытауэ процент 130-рэ мэхъу. (2013 гъэм ар процент 80-м нэблагъэу щытауэ араща).

Розницэ сатур сом меларди 100-м щIигъунущ икIи иджырей уасэхэм ятещIыхьауэ къапщтэмэ, нэгъабэ ельытауэ процент 104,5-м нэсынущ.

Ику иту иджыпсту республикэм щат лэжьапщIэр сом мин 20-м нэсауэ къалъытэ, ар нэгъабэ ельытауэ процент 7,5-кIэ нэхъыбэщ.

Хабзэншагъэ зылэжьхэм къащIэкIуэ хъунукъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр хъумэныкIэ зэзыгъэуIу и зэхуэсымрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ зэущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. Ар нэхъыбэу зытеухауэ щытар коррупцэм, экономикэм и Iэнатlэм щалэжь хабзэншагъэхэм япэщIэтынырщ, гъэзэгухэм къыщыхьу фэбжьыкIэмрэ абыхэм хэкIуадэхэмрэ гъэмэщIэныр щ.

ЗЭIУЩIЭМ кьриихьэлIащ федеральнэ центрым и лIыкIуэ, КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, суд, хабзэхъумэ органхэм я унафэщIэхэр, кьалэ, районыгъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

Къыдэхуэсахэм захуигъаазэри, КIуэкIуэ Юрий жиIащ:

- Экономикэм и щытыкIэр зэIагъэхьэну къэрал щхьэхуэхэр кьыщытпэува, бюджет ахъшэр щызэпэубыда мы лъэхъэнэм экономикэм и Iэнатlэм щызэхащIыкъ хабзэншагъэхэм зэрыщIыту къэралми ди республикэми щынагъуэ кьытраугъахьэ. Иджыпсту Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI нэгъуэщI къэралхэм ядедгъэкIуэкI сатур мардэ ткIийм зэрырагъэувам кьихь зэранигъэхэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ. Ауэ апхуэдэ лэжьыгъэм сэбэпынагъэшхуэ къихьынукъым, дызыхэхуа гугъуехьэр кьагъэсэбэпу цIыхухэм къэралми я мыльку зэзыльэфэлIэну зи мурадхэм ткIийуэ дапэщIэмытмэ.

Экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ республикэм къалэн пыухыкIахэр яхьэпэщытщ. Ахэр гъэззэщIа хуэн папщIэ экономикэм зэрызыужь псынщIагъэм хэдгъэхъуэн хуейщ. Мыбдеж гупымэ хэха хуэщIын хуейщ хьэрычэтыщIэжям я жэрдэмхэр кьыщIэпаудэ кьэмыгъэхъуэным.

Путин В. В. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщIэтеувыIащ кIэлъыплъакIуэ, къэпщтакIуэ, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIэм зегъэхъуэжын зэрыхуейм: «Бизнесыр кьупчIэ ткIийм щрагъэувыжауэ вэ къэдмыгъэхъуу, ар зэпымыууэ кьиузэрапщIэтэр зэрыдгъэмащIэным дихуэщIэкъуэн хуейщ. Дэтхэнэ къэпщIэтыныгъэри зэIуахуэ егъэкIуэкIыпхъэщ. Псом ящэу къутэн хуейщ текI имыIэу къэпщIэтыныгъэхэр егъэкIуэкIыным теухуа хабзэр. Къэрал куэдым я экономикэм и лъабжьэр хъэрыкэт Iуэху яминыкIуэ курытымрэщ». А псори Къэбэрдей-Балъкъэрым кьиузэрихуэгъэзам шэч хэлъкъым. А псалъэхэм къикIыркъым законыр кьиузэпэщIауэрэ якIэлъыплъын хуэмейуэ. Ауэ къэпщIэтыныгъэхэр хабзэ пыухыкIам тету, зэIуахуэ ирагъакIуэкIмэ, а лэжьыгъэм и щхьэусыгъуэ гурыIуэгъуэу щытмэ тхьэусыхафэхэр щыIэнукъым. ЦIыхухэр зэгуэзыгъэпэыр кьищIапщIэтэр кьэзэщIыпэтэри кьащIагурымыIуэ куэдрэ кьиузэрихьуэр. Хабзэхъумэхэмрэ налогхэхэмрэ псом ящэ ирагъащIипхъэр цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хуэмынрщ, емыгъэлэеныврщ.

Хабзэр хъумэным и лъэныкъуэкIэ иджыпсту республикэм щIыIэ щытыкIэм и гугъу щищIым КъБР-м и Iэтащхьэм кьиузэрихьэхукIащ хабзэншагъэу ятххэм я бжыгъэр процентыр 8,6-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. УэрыщыгуфыкIыным зэхъуэкIыныгъэхэр хуэхэр щыIэ хабзэншагъэхэм я зэхэлъыкIэм и лъэныкъуэкIэ. ХъунщIакIуэхэм, мыльку, абы Iэщыпмэ транспортымрэ хиубыдзу, кьэзыдгъуэхэм я бжыгъэм кIэрыхуащ. ЦIыхухэр нэхъ зыгъэгузавэ щIэпхъаджагъэхэри апхуэдизу куэдрэ кьэхъуэжыркъым. Ауэ экономикэм хуэгъэза щIэпхъаджагъэхэмрэ коррупцэмрэ зыкIи нэхъ мащIэ хъуркъым. Иужьрей бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, а IуэхугъуитIми дапэмылъэщауэ жьпIэ хъунущ. Абы и щыхьэту бжыгъэ зыбжанэ кьэсхьынщ. Экономикэм ехьэлIауэ щIалэгъуалэр Iэнатlэм кьеушлIэн хуейщ.

Дунейм щыIэ щытыкIэр нэхъ зэхэбэ хъуакъым, кьытпхъкъуэкI иджырей Iуэхухэм кьашэ шынагъуэхэми якIэрыхуакъым.

Ди къэралым иIэ пщIэр кьагъэлъэхьшэн, Урысейм щыIэ зэпIэзэрыпытынгъэмрэ абы и суверенитетымрэ кьагъэтIэсхъэн папщIэ сыт хуэдэ Iэмалри кьэзыгъэсэбэпхэм нобэ ярохьэлIэ. Дэ ди нэгу щIокI «революцэ щхьэхуэхэлъпIыкIэ» жьхуэIэкъэм кьашэ гуэвэгъуэхэр, зэгъуэщI къэралхэр я гъащIэм къызэрыхэлэбэм кьыхэкIыу пхъэпкъ куэдым яшэч бэлыхьэр. Дэ дызэщIыгъуу тхузэфIэкI псори длажьыпхъэщ апхуэдэ ди къэралым зэи кьыщымыхъун папщIэ.

Фэ кьыбгурыIуэн хуейщ шынагъуэншагъэмкIэ Iэнатlэр зэрыщыту нэхъ тэмэму лажьэныр зэманым кьигъэув кьалэну зэрыщытыр.

Щэч кьытесхьэркъым Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапlэм и Управленэм щIалагъуэ щыIэ щытыкIэр нэхъ зэхэбэ хъуакъым, кьытпхъкъуэкI иджырей Iуэхухэм кьашэ шынагъуэхэми якIэрыхуакъым.

Ди къэралым иIэ пщIэр кьагъэлъэхьшэн, Урысейм щыIэ зэпIэзэрыпытынгъэмрэ абы и суверенитетымрэ кьагъэтIэсхъэн папщIэ сыт хуэдэ Iэмалри кьэзыгъэсэбэпхэм нобэ ярохьэлIэ. Дэ ди нэгу щIокI «революцэ щхьэхуэхэлъпIыкIэ» жьхуэIэкъэм кьашэ гуэвэгъуэхэр, зэгъуэщI къэралхэр я гъащIэм къызэрыхэлэбэм кьыхэкIыу бэлыхьэр. Дэ дызэщIыгъуу тхузэфIэкI псори длажьыпхъэщ апхуэдэ ди къэралым зэи кьыщымыхъун папщIэ.

Фэ кьыбгурыIуэн хуейщ шынагъуэншагъэмкIэ Iэнатlэр зэрыщыту нэхъ тэмэму лажьэныр зэманым кьигъэув кьалэну зэрыщытыр.

Щэч кьытесхьэркъым Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапlэм и Управленэм зэхащIыхь хабзэншагъэхэр зэрыщыту кьапщтэмэ, ахэр иджы процент 30-кIэ нэхъ мащIэщ, къэрал кьулыкъущIапlэхэмрэ щIыналъэ унафэр зезыгъэкIуэ органхэмрэ едыгъуэхэр процент 52,3-кIэ. Зыпэрыт кьулыкъуэхэр зи щхьэ IуэхукIэ къэзыгъэсэбэпхэр процент 69,7-кIэ кIэрыхуащ. Апхуэдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм кьыщыхьу хабзэншагъэхэр процент 33,3-кIэ, щэхуакIуэ рынокым ехьэлIахэр процент 32-кIэ нэхъ мащIэ хуэщI. Мылькур зэхэдгъэныным и лъэныкъуэкIэ нэхъ зытегузэвыхьыпхъэр зэщIэгъэуIуэу хабзэншагъэхэр зылэжь гупхэр зэрыщыIэрщ, ауэ ахэри мы гъэм Iыхьэ пIанэ хуэдизкIэ нэхъ мащIэщ. Коррупцэм ехьэлIа хабзэншагъэхэр процент 48,7-кIэ, абы хиубыдзу Iулъхьэ къеIыхьэхэмрэ зытхэмрэ Iыхьэ щанэ хуэдизкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Ныкъуасныгъэ нэрыльагъуэр зэкIэ следствиемкIэ органэм я лэжьыгъэм хэлъщ. Апхуэдэ дагъуэ яхуэпщIэу хъунущ МВД-мрэ СледствиемкIэ управленэмрэ. Дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа мазэ 11-м кьриубыдзу следствиемкIэ органэхэм хабзэншагъэхэр пэублэу щызэхагъэкIым законым кьиузэвварэ 3321-рэ ямыгъэзащIауэ прокуратурэм кьыщигъэщащ. Кьапщтэмэ, Iуэхуу 778-р зэхэгъэкIынырщ хабзэм кьиузэрыпIалъэхэм кьитIасэу яхуэзфIэкIакъым. Уголовнэ Iуэхухэр щагъэхьэзырыкI хабзэншагъэхэр зэралажьэ щыкIэр кьагъэльагъуэркъым. Следствиер и зэманым икIи тэмэму щрамыгъэкIуэкI кьохьу. Абы кьыхэкIыу кьуанщагъэ зыбгъэдэлъ кьулыкъущIапlэхэм ящыщу 346-м тезырхэр тралъхьащ.

КъБР-м и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Жеккеев А. М., къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Васильев С. В., Урысейм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Устэ В. Хь. сымэ жаIахэм едэIуа нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм щIалажьэ гуп зэгурыIуэри икIи зэщIэгъэуIуар кьыппщыт кьалэнхэм дяпэкIи жэуапlimныгъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэнур, ди щIыналъэм щыIэ щытыкIэр егъэфIакIуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту ди къэралым шынагъуэншагъэр щIоупщIэ: «Сыт мэзым щIыхьэжхэр, нэгъуэщI хабзэншагъэхэр зылэжьхэр щIыщIэр?» Ящыныкъуэхэм абы и жэуапу къагъэльагъуэ хуэмышIэжар, щIакъуэу Iыхьэ зимыIэжэр зэрыщIэр, апхуэдэ гуэвэгъуэм куэд зэрыриухужьэр. Ауэ хуэмышIауэ, шхын хуэныкъуэ щыIэ псори абатомтхэр зэрамым кьыдыкьэмэ, дауэ зэрыхъунур?! Араши, гугъуехьэр щIэпхъаджагъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэр къэпIытыгъэ тэмэмкъым. И мыхьэнэр зыкIи нэхъ мащIэкъым унагъуэ зэхэтыкIэм. Шынагъуэншагъэр куэдым ельытащ, абы хьихьэ Iуэхухэр къызэрымыкIуэщ икIи гугъуэ. Мы Iэнатlэм екъуIэныгъэ щыдиIэн папщIэ псомэ ди зэфIэкIхэр зэдгъэуIун хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэр шынагъуэншагъэмкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ

Урысей Федерацэм шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуауэ дыгъуасэ екIуэкIа гуфIэгъуэ зэIуущIэм кьрихьэлIащ а Iэнатlэм и ветеранхэр, лэжьакIуэ щIалэхэр, хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр. Абыхэм хъуэхъу псалъэжмкIэ Захуигъэзащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий:

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щIэкIи фэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэ псори фэ зэфIэкIыныгъэ, Iуэху гугъуехьэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ - Урысей Федерацэм шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэмкIэ.

Чекистым и Iэщлагъэм ди цIыхухэм сыт щыгъуи пщIэрэ щIыхьэрэ хуащIу къохуэкI. ИкIи къэралми жылагъуэми сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр кьыщымыхъуми, фэ фи кьалэным зихъуэжькъым - ар зытеухуар къэралым и шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынырщ. Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм чекист нэхъыжьхэм я хабзэ зэхъуэкIыным нобэ пащэ икIи Iэщлагъэки кьулыкъуэки кьабгъэдэхуэ кьалэнхэр щIыхь пылъу ягъэзащIэ. Дэ пщIэшхуэ хуэщI Къэбэрдей-Балъкъэрым шынагъуэ къытемыхьэн папщIэ фэ зэфIэзгъэкIым. Зэрыхьэзриишхуэ щымыIэу, зэпIэзэрыту республикэм дызэрыт илъэсыр зэриухыр, щэч лъэпкъ хэмылъу, фи Управленэм и лэжьакIуэхэми я фIыщIэщ.

Фи ведомствэм кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр тынщхэм ящыщкъым. Ди щIыналъэм щыIэ щытыкIэр иджыри кьызэрыкIыущ, ткIийм. ЗэрахуэзэфIэкIкIэ Iуэхур зэIагъэхьэну хущIэкъу экстремистхэмрэ террористхэмрэ Iэщэ яIыгъыу зыкъыз зэхуахьэкIэ иджыри щынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэ зэманым фи Управленэм и лэжьакIуэхэм сакъыу щытыну икIи сыт хуэдэ кьэхъуэкIащIэми зэрыхуэфащэкIэ зэрыпэщIэувэным хуэхьэзыпхъу я кьалэнщ. Ди жагъуэ зэрызыхуци, иужьрей илъэсхэм ФСБ-м и Управленэми хэщIыныгъэхэр иIащ. БлэкIа илъэсхэм хэкIуэда фи лэжьакIуэхэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуэхущIын кьыдэкIуэу, дэ дяпэкIи терроризмэм тегушхуауэ дебгъэрыкIуэну кьыштпэщытщ.

Управленэм и лэжьакIуэхэм я кьэланщ къэралым и Конституцэм ткIийуэ тетыну, къэралым и пэр щIауэдыпапщIэ абы кьебгъэрыкIуэжи икIи ди цIыхухэм зэгурымыIуэныгъэ яхэлъхьэным хущIэкъуэхэм яхуэфащэ жэуап иратыну.

Нэхъ жыджэру фэ фелэжьын хуейщ криминальнэ шынагъуэхэр, коррупцэр, зэщIэгъэуIуэну ялэжь щIэпхъаджагъэхэр кьызэпыудыными.

ШынагъуэншагъэмкIэ органэм я лэжьыгъэм кьиях сэбэпынагъэр куэдкIэ ельытащ абы и лэжьакIуэхэр я Iэщлагъэм зэрыхуэхэкIуэльакIуэм, абыхэм яхэпъ ябгъэмрэ хахуагъэмрэ. Абы папщIэ зыхуэфащэ псори лэжьым, ми Iэнатlэм щызэтеува хабзэхэм щIэпхъ яхуэзыщIэ, фIыкIэ зэрыхьэщIыгъуэ, хуащIа дзыхьым иригушхуэу щхьэмыгъазэу лэжьэн щIалагъуэ Iэнатlэм кьеушлIэн хуейщ.

Дунейм щыIэ щытыкIэр нэхъ зэхэбэ хъуакъым, кьытпхъкъуэкI иджырей Iуэхухэм кьашэ шынагъуэхэми якIэрыхуакъым.

Ди къэралым иIэ пщIэр кьагъэлъэхьшэн, Урысейм щыIэ зэпIэзэрыпытынгъэмрэ абы и суверенитетымрэ кьагъэтIэсхъэн папщIэ сыт хуэдэ Iэмалри кьэзыгъэсэбэпхэм нобэ ярохьэлIэ. Дэ ди нэгу щIокI «революцэ щхьэхуэхэлъпIыкIэ» жьхуэIэкъэм кьашэ гуэвэгъуэхэр, зэгъуэщI къэралхэр я гъащIэм къызэрыхэлэбэм кьыхэкIыу бэлыхьэр. Дэ дызэщIыгъуу тхузэфIэкI псори длажьыпхъэщ апхуэдэ ди къэралым зэи кьыщымыхъун папщIэ.

Фэ кьыбгурыIуэн хуейщ шынагъуэншагъэмкIэ Iэнатlэр зэрыщыту нэхъ тэмэму лажьэныр зэманым кьигъэув кьалэну зэрыщытыр.

Щэч кьытесхьэркъым Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапlэм и Управленэм щIалагъуэ гуп зэгурыIуэри икIи зэщIэгъэуIуар кьыппщыт кьалэнхэм дяпэкIи жэуапlimныгъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэнур, ди щIыналъэм щыIэ щытыкIэр егъэфIакIуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту ди къэралым шынагъуэншагъэр щIоупщIэ: «Сыт мэзым щIыхьэжхэр, нэгъуэщI хабзэншагъэхэр зылэжьхэр щIыщIэр?» Ящыныкъуэхэм абы и жэуапу къагъэльагъуэ хуэмышIэжар, щIакъуэу Iыхьэ зимыIэжэр зэрыщIэр, апхуэдэ гуэвэгъуэм куэд зэрыриухужьэр. Ауэ хуэмышIауэ, шхын хуэныкъуэ щыIэ псори абатомтхэр зэрамым кьыдыкьэмэ, дауэ зэрыхъунур?! Араши, гугъуехьэр щIэпхъаджагъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэр къэпIытыгъэ тэмэмкъым. И мыхьэнэр зыкIи нэхъ мащIэкъым унагъуэ зэхэтыкIэм. Шынагъуэншагъэр куэдым ельытащ, абы хьихьэ Iуэхухэр къызэрымыкIуэщ икIи гугъуэ. Мы Iэнатlэм екъуIэныгъэ щыдиIэн папщIэ псомэ ди зэфIэкIхэр зэдгъэуIун хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщагъуэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщагъуэ гъэувын Дроздов Игорь Пётр и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№253-УГ

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъэуIэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

«Сыт хуэдэ гугъуехьхэр щымыIэми, экономикэм зэпIэзэрыту зиужьу хуежьащ»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Егъэджэныгъэм теухуауэ: **къэрал экзамен зэгуэтхэр къызэрыIахыр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ**. Абы я гуащIэ хэлъщ лэжьакIуэ куэдым, министерствэм, езы министрым, иджыпсту Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и къулыкъур зыIыгъым. А псори я къалэнхэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтар солъагъу. Iуэхур тэмэму зэтеувэн папщIэ жылагъуэ советхэр, комиссэхэр къызэрагъэпэщащ, адэ-анэхэри, муниципалитетхэри, еджапIэхэм я унафэщIхэри дэIэпыкъуэгъуушхуэ хъуащ. Мыдрейуэ, гугъуехь пыухыкIахэри щыIащ егъэлеиныгъэхэр къэмыгъэхъуным, сабийхэри адэ-анэхэри мыгъэгужьеиным и лъэныкъуэкIэ. Сэ сыщогугъ, адэкIи дегугъумэ, экзаменхэр зэIухауэ егъэкIуэкIынымкIэ, ди сабийхэми езы егъэджакIуэхэми я щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ иджыри куэд зэфIэдгъэкIыфыну.

Федеральнэ центрым дызэрыдэлажьэм теухуауэ. Сэ къыщызгъэзэжам щыгъуэ япэ дыдэу сызыщIэупщIар республикэр зыхэт программэхэм я бжыгъэрщ. Абы щыгъуэ къызжаIащ апхуэдэ программэхэр 24-рэ зэрыхъур. Ауэ дыкIэлъыплъыжа нэужь, ипэжыпIэкIэ ди деж щагъэзащIэ программэхэр плIы фIэкIа мыхъуу къыщIэкIащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Iуэхум я нэхъыбэр зэфIэдгъэкIауэ тхылъымпIэхэм иту аращ. Федеральнэ IэнатIэхэр я гуапэу дэIэпыкъуэгъу хъунущ, ауэ ахэр жыджэру зыдэIэпыкъунур Iуэхум зи гур етахэрщ. Правительствэм и унафэщIхэм ящыщу языныкъуэхэм (ахэр иджыпсту лэжьэжыркъым) къыбжаIэфынутэкъым зэрыщыту Урысей Федерацэм щагъэзащIэ программэхэр зыхуэдизыр къэгъэнауэ, езыхэм къегъэщIылIа министерствэхэм къахуэгъэза программэхэм я бжыгъэр. АтIэ а зэманым программэ къуэдзэхэр хэмыту, программэ хэхахэм я бжыгъэр 46-рэ хъурт. Абыхэм ухэтын папщIэ, я нэхъ мащIэ дыдэр армэ, дэтхэнэ программэри зищIысымрэ зытеухуамрэ ущыгъуазэу ущытын хуейщ. Мис иджыпсту, псоми зэрыфлъагъущи, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ абы пыщIа адрей IэнатIэхэмрэ гугъуехь инхэр щыIэщ. Дэ къызэрытлъытамкIэ, коммуникацэхэм я нэхъыбэр икъукIэ зэкIэлъымыкIуэщ, ахэр илъэс 60 - 70 лъандэрэ зэрахъуэкIакъым. Абы теухуауэ иджыблагъэ УФ-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Мень М. А. сепсэлъащ. Абы ди гугъуехьхэр занщIэу зэхищIыкIащ икIи къыддэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр жиIащ. Иджыпсту дэ дызэщIыгъуу къэтлъыхъуащ инфраструктурэ зэкIэлъымыкIуэр зэгъэпэщыжыным сом мелардиплI хуэдиз тезыгъэкIуэдэну хьэзыр цIыхухэр. Псом япэу ахэр зэлэжьынур псы къыщIэшыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ ар зэрызэбграш бжьамийхэр зэхъуэкIынымрэщ. Сэ министрми абы и лэжьэгъухэми хуабжьу сахуэарэзыщ. Ахэр тIэунейрэ республикэм къэкIуащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ дэ ведомствэ псоми щедгъэкIуэкIыпхъэщ, адэкIи дефIэкIуэну, Iуэхур дэдгъэкIыну дыхуеймэ.

Къэхъуа тхьэмыщкIагъэхэм я лъэужьхэр зэрагъэзэкIуэжым теухуауэ. Ведомствэхэр, псом япэу муниципалитетхэр, районхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я Iэтащхьэхэр абы и лъэныкъуэкIэ жыджэру лэжьащ. Дэ ди нэгу щIэкIащ газ зрикIуэ бжьамийхэр щыIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщыкъутар, псыдзэм лъэмыж зыбжанэ зэрытрихар, жьапщэм унэ щхьэхуэхэм зэраныгъэшхуэ зэраритар, лъапсэ куэдым псы зэращIэуар. Пэж дыдэу, цIыхухэм леишхуэ ятехьащ. Сытыт а лъэхъэнэм абыхэм дазэрыдэIэпыкъуфынур? Компенсацэхэм я гугъу пщIымэ, ди деж зыри къыщыдгъэнакъым. Ауэ абы дэ ди лэжьэкIэм емылъыта нэгъуэщI гугъуехьхэри хэлъщ. Дэ иджыри зэ къытедгъэзэжу, иджырей регламентхэм къызэрагъэувым тету а Iуэхур зэрыпхыдгъэкIыным делэжьыну ди мурадщ. Ар тхуэзэфIэкIмэ, цIыхухэм яхуэфэщэн дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ.

ЦIыхухэм уахуэзэмэ, ахэр зыхуэныкъуэхэр нэхъ тэмэму къыбгурыIуэ. Пэжыр жыпIэмэ, тхьэусыхафэ псори ди деж къыщымыс е ахэр нэгъэсауэ тэмэму къыщытIэрымыхьэ щыIэщ. Хьыбархэр хэхауэ зыгуэрым зэблишу жысIэну сыхуейкъым, ауэ апхуэди къэхъуу къыщIэкIынущ. ЦIыхум убгъэдэтIысхьауэ ущепсалъэм деж абы нэхъ зэIухауэ псори къыбжиIэнущ икIи адэкIэ зэфIэбгъэкIыпхъэхэр нэхъ тэмэму къыбгуригъэIуэнущ. Ар хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дэтхэнэми удэIэпыкъуну ухущIокъу. Властым IуэхукIэ щекIуалIэм деж цIыхухэр зэгупсысыр законхэм зэхуэIыныгъэ гуэрхэр зэрагъуэтар, уеблэмэ, зэрыщыту властым зэрызихуэжар аракъым... Иджыблагъэ сэ сыхуэзащ районым къикIыу къысхуэкIуа цIыхубзым. Абы илъэс 92-рэ и ныбжьщ. Абы и псалъэхэм сэ къыхэсхар мыращ. ЦIыхум и Iуэхур нэхъ зэкIэлъымыкIуэу щытыху, ар нэхъ псэлъэгъуей мэхъу, тхьэусыхэнуи укIытэ хуэдэу. Ауэ нэгъуэщI зы лIэужьыгъуи щыIэщ. Абы и щапхъи къыфхуэсхьынщ. Искож хьэблэм общежит куэд дэтщ. Абыхэм щIэсхэм гугъуехьышхуэ ятелъщ, илъэс 20-м щIигъуауэ ягъэIэпхъуэн хуей щхьэкIэ, дэнэ къыщамыкIухьми, зыри къикIыркъым. Ауэ апхуэдэ тхьэусыхафэхэр нэхъ кууэ щызэхэдгъэкIым къызэрыщIэкIамкIэ, зи макъым нэхъ зезыгъэIэтхэр унэу тIу-щы зыщIахэрщ икIи общежитым иужьрей илъэс 20-м къриубыдэу щIэмыхьахэрщ. Мис апхуэдэ Iуэхухэр зэхэгъэкIыным дегугъуу, ипэжыпIэкIэ псэупIэ хуэныкъуэхэр гъэбелджылыпхъэщ, абыхэм я бжыгъэр зэрыхъунур къэтхьэусыхэхэм я зэхуэдитIым щIигъунукъым. Мис итIанэ нэхъ псынщIэу дадэIэпыкъуфынущ гугъуехь зытелъхэм.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ТворчествэмкIэ я унэу Налшык къалэм дэтым и щытыкIэм теухуауэ. Абы сыщыщIыхьам щыгъуэ слъэгъуащ унащхьэм къыпхыж псым щIагъэуауэ щыт пэгун пщIы бжыгъэхэр. Блынхэр къелъэсэхащ, языныкъуэ щIыпIэхэм унэ лъэгури илъыжкъым. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ар ди республикэ зэпIэзэрытым, абы щыпсэу цIыхухэм я дежкIэ напэтехщ. Мы IуэхущIапIэр зыхэлажьэр ди сабийхэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, сабийхэм я Iуэхур нэхъ псынщIэу дэкIын хуейщ. Ди быныхэр зыхуей зэрыхуэзапхъэм теухуа хабзэр зэкIэ якъутэжакъым.

Дэ дызыхуеин мылъку къызэщIэдгъэуIуэри, унащхьэр зэрагъэпэщыжащ, абы капитальнэу елэжьауэ къыдолъытэ. Апхуэдэу щхьэгъубжэхэр зэдыщIэкIыу зэрахъуэкIащ. Иджыпсту, нэгъуэщI зыри мыхъуми, унащхьэм псы къыпхыжыркъым, пэшхэр хуабэщ. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, мы унэр инщ икIи иджыри куэд щыщIэн хуейщ. ДызыхуэкIуэ илъэсым ахэр къанэ щымыIэу нэдгъэсынущ, зэрыщыту псори капитальнэу здгъэпэщыжынущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы папщIэ Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэу дылэжьэн хуейщ.

Курорт-рекреацэ комплексым зэрызиужьынум и IуэхукIэ. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» корпорацэм дэ лэжьыгъэкIэ быдэу дыпыщIащ. Ахъшэм щыщ япэ Iыхьэр зэIэпытхащ. Иджы къалэн нэхъыщхьэр зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу иджырей инфраструктурэ зэтегъэувэнырщ. 2014 - 2015 гъэхэм я щIымахуэ лъэхъэнэм ди деж туристу мин 200-м нэблагъэ щрагъэблэгъэну я мурадщ. Ауэ хэкIыпIэ псори щыIэщ ахэр хуэдитхукIэ нэхъыбэ щIынымкIэ, зы мелуаным нэгъэсынымкIэ. Мы IэнатIэм хиубыдэр туризмэм, альпинизмэм, лыжэкIэ къэжыхьыным я закъуэкъым. Зэрыщыту инфраструктурэр, сатур, мэкъумэш хозяйствэр, промышленностыр егъэфIэкIуэн хуейщ. Апхуэдэу шхапIэхэм, ресторанхэм зегъэужьыпхъэщ. А псоми я фIыщIэкIэ лэжьапIэ IэнатIэхэр нэхъыбэ хъунущ, цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэнущ. Иджыпсту щIадзауэ кIапсэ гъуэгухэм я ещанэ Iыхьэр якъуэдий. ЛыжэкIэ къыщажыхь гъуэгухэр нэхъ бгъуэ ящIащ. Дэ иджыпсту ахэр хэтIэтыкIыурэ, ди щIыналъэр зэрыдахэм, дэри фIыуэ дызэрылажьэм дытепсэлъыхь хъунущ, ауэ япэкIэ нэхъ тегушхуауэ дызыгъэкIуэтэн Iуэхухэр дымылэжьмэ, зыужьыныгъэ лъэпкъ димыIэу ди пIэм дитынущ. Абы къыхэкIыу зэрыщыту ди курортхэр къызэщIэзыубыдэ инфраструктурэ зэтегъэувэным, проектхэр Iуэху пыухыкIахэр я лъабжьэу гъэхьэзырыным егупсысын хуейщ. Иджыпсту следствиемкIэ органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я деж щыIэщ ухуэныгъэхэр щхьэзыфIэфIу езыгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ судым къищта унафэхэр. Ауэ ухэлъадэу псори зэтепкъутэнри хуит ямыщIауэ яухуа унэхэр зэдэкIуэу къатехынри сфIэтэмэмкъым. А псоми цIыхухэм ахъшэ трагъэкIуэдащ.

Щхьэж зэрыхуейуэ, зэгурыIуэрэ зэгъэкIуныгъэрэ хэмылъу къызэрагъэпэща инфраструктурэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным акъылкIэ бгъэдыхьэн хуейщ. Дэ ди къалэнщ зыхуэфащэхэм дагурыIуэну, хуей щыхъум деж ухуэныгъэхэр къэтщэхужыну. Мис абы иужькIэ сыт дыухуэнми, сыт хуэдэ проектхэр нэхъ фейдэ пылъу пхыдгъэкIынми дегупсыс хъунущ. Экономикэм и IэмалхэмкIэ убгъэдыхьэмэ, сыт хуэдэ Iуэхури пхуэзэтегъэувэжынущ. Ухуэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыну генеральнэ планым къигъэувхэм тету икIи зыхуэфащэ фIагъ иIэу зи IуэхущIапIэр зымыщIыфынум ар ищэж хъунущ. Псоми егупсысауэ, лъэныкъуэ псори зэпэлъытауэ бгъэдыхьэн хуейщ. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, дэ цIыхухэм я мылъкур къазэрытетхынум зыдедгъэхьэх хъунукъым, ауэ цIыхухэри законым тедгъэувэн, хабзэм езэгъыу лажьэмэ езыхэм я дежкIэ нэхъ фейдэуэ зэрыщытыр къадгурыгъэIуэн хуейщ. Сэ шэч къытесхьэркъым Iуэхутхьэбзэхэм я куэдагъымкIи фIагъымкIи зэманым къигъэувхэм езэгъыу лэжьыгъэ псори къызэрызэдгъэпэщыфынум.

Тырныауз къалэм и Iуэху зыIутым теухуауэ. Тырныауз комбинатыр вольфрам, молибден къыщIэхынымкIэ Совет Союзым щыпашэу щытащ. Къэралым и дежкIэ а сырьем мыхьэнэшхуэ зэриIэр дэ унафэщI нэхъыщхьэ дыдэхэм я деж нэдгъэсащ. Сэ си щхьэкIэ а Iуэхур къэралым и Iэтащхьэм и пащхьэ ислъхьащ. Владимир Владимир и къуэм зыхуэфащэ къалэнхэр яхуигъэува нэужь, а Iуэхур зэрыщыту Правительствэми абы и УнафэщI Медведев Дмитрий Анатолий и къуэми къыддаIыгъащ. Иджыпсту ди деж жыджэру щолажьэ Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэр, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ щIэуэ къызэрагъэпэща министерствэр. Дызытепсэлъыхь къалэныр апхуэдэу Урысейм и унафэщIхэм я пащхьэ къыщиIэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей Алим и къуэм.

ЛэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщащ. Зыхуэфащэ федеральнэ министерствэхэм зэIущIэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIащ. Президентым и унафэкIэ Iуэхум къыхыхьащ «Ростех» федеральнэ агентствэри. А IуэхущIапIэр йолэжь зыхъумэжыныгъэм и IэнатIэм ехьэлIа къэрал проект инхэр зэхэлъхьэным. Апхуэдэ дыдэу дэ къэтIэтащ «Тэрчналмэс» предприятэм и Iуэхур. Металлургиер, автомобилхэр къыщIэзыгъэкI промышленностыр икъукIэ хуэныкъуэщ налмэс IэрыщIхэм къыхэщIыкIауэ предприятэм щагъэхьэзыр Iэмэпсымэхэм. Аращи, промышленностым дытепсэлъыхьын щыщIэддзакIэ жысIэнщи, промышленностыр унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къызолъытэ. Абы къыхэкIыу дэ а IэнатIэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIэдгъэкъуэнущ.

Властым и IэнатIэм и лэжьэкIэр гъэтэмэмыным теухуауэ. Къалэн гуэр бгъэувын и пэкIэ, ар зыхуэбгъэувыр хэтми къыбгурыIуэу щытыпхъэщ. Сэ зи гугъу сщIыр цIыху щхьэхуэхэм е унафэщI IэнатIэхэм пэрыт цIыхухэм я закъуэкъым. Властым и IэнатIэм и къызэгъэпэщыкIэр щыбубзыхукIэ ущыуэ хъунукъым. Мыбдеж къыхэхын хуейр егугъуу лажьэхэрщ, ауэ ди деж нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ гуэрхэри щыIэщ.

Ерыскъыпхъэхэм я уасэр щхьэзыфIэфIу къыщаIэт къэдгъэхъунукъым. Правительствэм и пщэ ислъхьащ а Iуэхум зэпымыууэ кIэлъыплъыну. Уасэхэм я лъэныкъуэкIэ дэ къэралым дыкъыщыхэщу схужыIэнукъым, уеблэмэ, языныкъуэ ди гъунэгъу щIыналъэхэм елъытауэ ахэр ди деж щынэхъ езэгъырабгъущ. Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэм щыщу пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ къапщтэмэ, дэ дызрикъунум хуэдизыр къэдгъэна нэужьи, къэдлэжьам и процент 20-м нэблагъэр къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм тхуегъэшэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ хэкIыпIэхэр убзыхуным иджыпсту зэщIыгъуу йолэжь Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ.

Республикэм иджырей онкологие центр щызэтегъэувэнымкIэ гугъапIэхэр щыIэу пIэрэ? Шэч хэмылъу, щыIэщ. Дэ иджыпсту къыдгурыIуэн хуейщ къэралым и Iуэху зыIутыр. ЗанщIэу жысIэнщи, ухуэныгъэ куэдым иджыпсту хоплъэж ахъшэу щыIэр зыхуэдизымрэ дызэрыува щытыкIэмрэ ятещIыхьауэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дызыхэхуар Iуэху тыншкъым. Ауэ дэ онкологие центрри, псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, перинатальнэ центрри щIын дымыухыу хъунукъым. Псоми зэрытщIэщи, апхуэдэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр йокIуэкI. Хабзэм тету зыхуеину тхылъ псори пхагъэкIащ икIи республикэм ахъшэ къыхуаутIыпщащ. А ухуэныгъэтIыр нэхъыщхьэ дыдэщи, ахэр нэдмыгъэсу хъунукъым.

Щыпсэуа щIыналъэхэр зрагъэзбгынахэм зэрадэIэпыкъум теухуауэ. ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэр гузэвэгъуэ хэхуарщ, гугъуехь зытелъырщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зыхуэфащэхэм дадэIэпыкъун папщIэ дэ ди къарум деблэж хъунукъым. Нэхъ пыухыкIауэ я гугъу сщIынщ Сирием щыщ ди лъэпкъэгъухэу илъэси 4 - 5 лъандэрэ ди деж щыIэхэм. А илъэсхэм къриубыдэу икIи 2013 гъэм и кIэухым ирихьэлIэу псэупIэкIэ унагъуэ 24-рэ къызэрагъэпэщащ. Нобэм ирихьэлIэу аргуэру унагъуэ 57-м псэупIэхэр иратащ.

2014 гъэм и пэщIэдзэм псэупIэншэхэр унагъуэ 61-рэ хъууэ щытамэ, иджы къэнэжар унагъуи 4-щи, абыхэми зыхуэфащэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ. Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэр псори зэхэту цIыху 780-рэ хуэдиз мэхъу. Абыхэм ящыщу зыхуэфащэ документхэр ягъэхьэзырыну цIыху 60 - 70 хуэдизым УФ-м Iэпхъуэшапхъуэхэм я IуэхухэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм зыхуагъэзащ. Дыгъуасэ къызэрызжаIамкIэ, абыхэм ящыщу цIыху 21-м я документхэр яIэрыхьэжащ, адрейхэми я Iуэхур зэфIокI. Ахэр щIэгувар къэIэпхъуэжахэм зыхуеину тхылъымпIэхэр ирикъуу къызэрамытарщ. А цIыхухэм дэ зэпымыууэ дадэлэжьэн икIи федеральнэ законхэм къагъэув мардэхэмрэ зекIуэ хабзэхэмрэ щыгъуазэ тщIын хуейщ. Ахэр псэупIэкIэ хуабжьу гугъу ехьащ, санаторэхэм щытыншакъым. Ауэ нобэ а псори къызэднэкIащ.

Украинэм къиIэпхъукIахэм я гугъу пщIымэ, ахэри я бжыгъэкIэ апхуэдиз дыдэ мэхъу, ауэ къакIуэхэм хуэдиз икIыжурэ йокIуэкI. Апхуэдэу щыт пэтми, цIыху 70 - 76-рэ хуэдизым ди деж къыщынэну я мурадщ. Абыхэм я документхэри хьэзыр мэхъу. Гуманитар дэIэпыкъуныгъэм и гугъу пщIымэ, ар емызэшу къызэрагъэпэщ къэрал властым и IэнатIэхэм я мызакъуэу, республикэм щыпсэу къызэрыгуэкI цIыхухэми бизнесменхэми.

2015 гъэр мэкъумэш хозяйствэм и илъэсщ. ИпэжыпIэкIэ къапщтэмэ, мэкъумэш хозяйствэм IэнатIэ куэд егъэщIылIащ, абы къыхэкIыу хэкIыпIэхэри куэд мэхъу. КъэтщтэнщIэщ гъэхъуныр. Гъэмахуэм дэ къущхьэхъу хъупIэхэр къызэхэткIухьащ. Ахэр я нэхъыбапIэкIэ хыфIадзэжащ, фейдэшхуэ пылъу къэбгъэсэбэп хъуну щытми. Къапщтэмэ, былымхэм яхэтщ егъэлеяуэ куэд тумыгъэкIуадэу бгъэхъу хъуну лIэужьыгъуэхэри. Ахэр хъупIэм хэбгъэхьэрэ зыхуей хуэбгъазэмэ, мази 5 - 6-м къриубыдэу фейдэшхуэ къатынущ. Абы уелэжь щхьэ мыхъурэ? Республикэм щежэх псыхэр къабзэщ, гуэлхэр мащIэкъым. АтIэ абыхэм бдзэжьей щIыщамыгъэхъур сыт? Япэхэм бдзэжьей нэхъ лъапIэ дыдэхэр щагъэхъу хозяйствэхэр щыIащ, уеблэмэ Май районым бдзэжьеймкIэ управленэ щылажьэу щытащ. А псоми я щIыIужкIэ иджыпсту къэралыр мэкъумэш хозяйствэм сыт и лъэныкъуэкIи доIэпыкъу. Сэ апхуэдэ зэфIэкI къэралым бгъэдэлъу щыщыта зэман щыIауэ сщIэжыркъым. Феплъыт дэтхэнэ унэтIыныгъэми хиубыдэу субсидиехэр зэратым. Ауэ мис а субсидиехэр зэрат щIыкIэм егупсысыпхъэщ. ТхылъымпIэхэр къапщтэмэ, псори фермерщ, ауэ ипэжыпIэкIэ абыхэм сыти ялэжь, мэкъумэш продукцэ къехьэлIэным нэмыщI. УкIэлъоплъыжри, фермер псори зэблагъэу къыщIедзыж. Субсидиехэр зыгуэшхэмрэ фермеру зезыгъэтххэмри фIэкIыпIэ имыIэу зэблагъэщ, абы къыщымынэу зэIыхьлы дыдэщ.

Къуажэхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэфащэщ. Республикэм иджыпсту къуажэ клубу 130-м нэблагъэ щыIэщи, абыхэм ящыщу 25-р куэд щIауэ лажьэркъым. ЩэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэмкIэ я унэхэм лIэщIыгъуэ кIуам и 20-нэ гъэхэм ящIахэр яхэтщ. Ар тэмэму къэплъытэ хъунукъым. Дэ тхуэзэфIэкI псори длэжьыпхъэщ къуажэ клубхэр зэтегъэувэжын и лъэныкъуэкIэ.

Къалащхьэм и Къэбэрдей уэрамыр къагъэщIэрэщIэжынущ. Абы и проектыр яухащ. Уэрамым хиубыдэ инженер, электрическэ коммуникацэхэр, псы зрикIуэ бжьамийхэр зэрахъуэкIащ. Шэч хэмылъу, КIыщокъуэм и уэрамым къыщегъэжьауэ Нэгумэм и уэрамым нэсыху хиубыдэ Iыхьэр лъэс зекIуапIэ щIынымкIэ Iэмал псори щыIэщ. Ауэ мы лэжьыгъэхэм нэхъ еужьэрэкIыпхъэщ. «Победа» кинотеатрыр къэзыщэхужахэм ехьэлIауэ зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр щыIами, ахэр ягъэзэкIуэжащ. ЗэрыжытIам хуэдэу, а унэм Гуащэ театр щылэжьэнущ, ихъуреягъкIэ сабийхэми балигъхэми я зыгъэпсэхупIэ къыщызэрагъэпэщынущ. Ауэ а уэрамми унагъуэхэр щопсэу икIи ахэр зыхуей зэрыхуэзапхъэм демыгупсысу хъунукъым. Абыи мыхьэнэшхуэ иIэщ, ауэ лъэныкъуитIми я Iуэхухэр зэрыдэкIыным тещIыхьыпхъэщ.

ГъущI гъуэгу вокзалыр къалэ щIыбым яхь. Абы теухуа проектым дыхэплъэн ипэкIэ Iуэхум и щытыкIэм щыгъуазэ зысщIащ. КъызэрызгурыIуамкIэ, гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм транспортыр зэрыщызэтрихьэм къыхэкIыу, цIыхухэм махуэ къэс сыхьэтитIрэ нықъуэм щегъэжьауэ сыхьэтищым нэс яфIокIуэд. Транспорт нэхъыбэ дыдэ щызэтрехьэ Къэбэрдей уэрамымрэ Промышленнэ дэкIыпIэмрэ. Дэ илъэс куэдкIэ япэкIэ тещIыхьауэ а гугъуехьхэр тхудэгъэкIынущ. ГъущI гъуэгухэр тетхыу, абыхэм я пIэкIэ иджырей гъуэгухэр дукъуэдиин папщIэ унэхэр ткъутэну, щIы Iыхьэхэр къэтщэхужыну къытпэщыткъым, езы гъуэгури зыкъомкIэ хьэзырщ. Мис апхуэдэ тегъэщIапIэхэр сэ зыхуэфащэ IэнатIэхэм щызгъэлъэгъуати, къыхэтлъхьа Iуэхур къыддаIыгъащ. А псоми къадэкIуэу къалэм махуэ къэс хьэлъэхэр щызыгъэIэпхъуэ мафIэгухэр щыIэжынукъым икIи абы и зэранкIэ цIыхухэм шынагъуэ къатехьэжынукъым, экологиери ефIэкIуэнущ. Хуит къэхъуж щIы Iыхьэхэм псэупIэ унэхэр тепщIыхь хъунущ. Апхуэдэ мурадыр дгъэзэщIэнымкIэ Iэмал псори щыIэщ. Абы къыдэкIуэу а щIыналъэхэм щыIэ хьэлъэ къихыпIэхэмрэ илъхьэпIэхэмри куэд мэхъури, ар и лъэщагъым и процент 15-кIэ къахуэгъэсэбэпу аращ, апхуэдиз зи инагъ инфраструктурэр сэбэпыншэу щытщ. Мис а псори цIыхухэм кърагъэсэбэп, ирагъэлажьэ. Мы проектыр сфIэIейкъым, ар зэман кIэщIым къриубыдэу тхуэгъэзащIэмэ.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу. Иджыпсту республикэм ветеран 438-рэ щопсэу. Иджыблагъэ дэ едгъэкIуэкIащ гуфIэгъуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, зэфIагъэкIахэр мащIэкъым. Ауэ сэ пшэч мыхъуну къызолъытэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум зыщыхуэдгъэхьэзыр зэманым ветеранхэм ящыщу 30-м щIигъум псэупIэ зэрамыIэр. Сэ къыхэслъхьащ дэтхэнэ министрми, дэтхэнэ унафэщIми ветеранхэм ящыщу пыухыкIауэ щы, плIы, тху ирагъэбыдылIэну икIи ахэр унэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщымкIэ жэуапыр я пщэ далъхьэну. Апхуэдэ жэрдэмыр я гуапэу Парламентым и депутатхэми къыддаIыгъащ. Дэ къэтщта унафэм ипкъ иткIэ иджыпсту йолэжь накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу ветеранхэм папщIэ зыгъэпсэхупIэ центр Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэIухыным. Иджыпсту зэрагъэпэщыж абы хухаха унэр икIи гу цIыкIукIэ къэзыкIухьхэри абы щыIэфын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэрагъэпэщ. Накъыгъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ абы ветеранхэм пщIэншэу зыщагъэпсэхуфынущ.

Псори дызэрыщыгъуазэщи, Налшык зауэ щIыхьым и къалэщ. ТекIуэныгъэм и махуэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм хиубыдэу апхуэдэ статус зиIэ къалэм зэрыхуэфащэу, метр 13 зи лъагагъ фэеплъ щагъэувынущ. Абы теухуауэ Санкт-Петербург и IэщIагъэлIхэм дагурыIуащ. Псоми ди къарур здгъэуIуу фэеплъхэмрэ мемориалхэмрэ зыхуей хуэдгъэзэну икIи ди ветеранхэм я пщIэр зэрахуэфащэкIэ тIэтыну сыщогугъ. Дэ тхуэзэфIэкI псори длэжьын хуейщ ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъуар гукъинэжу къэнэн папщIэ.

IэкIуэлъакIуагъэм, жэуаплыныгъэм ятеухуауэ. IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэу щытыныр щынэхъыщхьэ дыдэщ, псалъэм папщIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзымыщIыкIым цIыхур къыщыхуемыгъэл къохъу. Апхуэдэ щапхъэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэм щымащIэкъым. Зи IэщIагъэм хэзымыщIыкI егъэджакIуэм и зэранкIэ сабийм леишхуэ къыщытехьэ, уеблэмэ зыщиукIыж къохъу. Апхуэдэ щапхъэхэр щыIэщ. А псори зытеухуар цIыхур IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэрщ. Абы сэ жэуаплыныгъэри щIызгъужынт, дэтхэнэми цIыхум и пащхьэ щихь жэуаплыныгъэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Щапхъэр ущием япэ итыпхъэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм ис Iимамхэм Бахъсэн къалэм дыгъэгъазэм и 18-м щаIущIащ.

КъБР-м ис муслъымэнхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий** зэIущIэм щыщIидзэм КъБР-м и Iэтащхьэм зэман къигъуэту къазэрыхуеблэгъам папщIэ фIыщIэ хуищIри, жиIащ къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным теухуауэ властымрэ дин IуэхущIапIэхэмрэ зэдэлэжьапхъэу къызэрилъытэр, ислъам диныр пэжу къагурыIуэнымкIэ езыхэми я зэфIэкI зэремыблэжынур.

- ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ди щIалэгъуалэм ди псалъэ ялъэIэсыным, ар куэдкIэ сэбэп хъунущ абыхэм къыхахыну гъуэгумкIэ. Къыхэгъэщыпхъэщ диныр зищIысымрэ абы и мыхьэнэмрэ щIалэгъуалэм я деж пэжу нэхьэсыныр Iэмал зимыIэ Iуэхуу зэрыщытыр. Абы папщIэ ислъам динымкIэ щIэныгъэлIхэр куэду диIапхъэщ, упщIэ къратмэ Iэнкун мыхъуу, жэуапым хуэхьэзыру. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щIэблэм дин щIэныгъэ зэрамыIэр къагъэсэбэпри зыхуеймкIэ яшэ, хамэIэкIэ шыпсыранэ япщIэ. Ди республикэм дин зэпэщIэувэныгъэ къыщымыхъуу, мамыру дыпсэун папщIэ, дин лэжьакIуэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зрагъэгъуэтыпхъэу къызолъытэ, - жиIащ Дзасэжьым.

Апхуэдэуи абы къигъэлъэгъуащ иужьрей зэманым дин лэжьакIуэхэр я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэм зэрагъэкIуар, а лэжьыгъэм иджыри пащэну зэрамурадыр.

КIуэкIуэ Юрий къыщыпсалъэм гу лъаригъэтащ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

- ЩIэныгъэ зыбгъэдэмылъым диныр IуэнтIауэ къыгурыIуэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэрщ Iимамым абы теухуа щIэныгъэ иIэн зэрыхуейм щIытедгъащIэр. Дин лэжьакIуэхэр цIыхум и гурыгъу-гурыщIэм щIэдэIуфу, чэнджэщ иратыфу зэрыщытыпхъэм къищынэмыщIауэ, псэлъэкIи ящIэн хуейщ. Муслъымэн диныр телъхьэпIэ ящIурэ куэдым щIэпхъаджагъэ ялэжь, дин пэжыр зыхуэдэр цIыхухэм егъэщIэнымкIэ дэ дызыщыгугъыр фэращ, - захуигъэзащ республикэм и Iэтащхьэм Iимамхэм.

ЗэIущIэм къэрихьэлIа Iимамхэм IэмалыфI яIащ куэд щIауэ зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуагъэзэну. Гукъеуэхэм ящыщт мэжджытхэмрэ абы къедза щIы Iыхьэхэмрэ муниципальнэ куейм ей щIыным пыщIа лъэпощхьэпохэр. Абы и жэуапу КIуэкIуэм жиIащ къэралым а Iуэхум ехьэлIауэ къищта хабзэм ебэкъуэнкIэ Iэмал зэримыIэр, а Iуэхум и нэIэ тригъэтынуи къигъэгугъащ.

Май, Прохладнэ куейхэм я Iимам **Нэгъуей Хьэсэнбий** и гугъу ищIащ мэжджытыр зэрагъэплъым и уасэр зэрахуемытым къыхэкIыу, щIыхуэ къазэрытехуам зэригъэгузавэм, мэжджыт щаухуэну щIы Iыхьэ хухахыну администрацэхэм зыщыхуагъэзэкIэ, а Iуэхур къызэрыдамыIыгъым.

- Ди цIыхухэм нэмэз щащIын тхьэелъэIупIэ дызэримыIэм къыхэкIыу хамэ къуажэхэм, куейхэм кIуэн хуей мэхъу. Ар къэдгъэхъункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ ахэр здэкIуэмрэ щIэкIуэмрэ тщIэн хуейщ, иужькIэ дыпэмыIуджэжын папщIэ, - жеIэ Iимамым.

КъБР-м и Iэтащхьэр щIэупщIащ ди республикэм ит мэжджыти 140-м щыщу лажьэу, цIыху екIуалIэу диIэр зыхуэдизым.

- Си щхьэкIэ, бгынэжарэ удзкIэ зэщIэкIэжауэ мэжджыт зыбжанэ ди республикэм щыслъэгъуащ. Бжыгъэм хэдгъахъуэкIэ зэфIэкIыркъым, абы цIыхухэр хуэмеймэ. Мэжджытхэм апхуэдэ теплъэ яIэмэ, ар ди жагъуэгъухэм зэрыхуейуэ къагъэсэбэпынкIэ зэрыхъунум къищынэмыщIауэ, диным къемызэгъ Iуэхущ. Ауэ нэмэз щащIын ямыгъуэту цIыхухэри дэт хъунукъым. Псом япэу а Iуэхум ди Iимамхэр кIэлъыплъыпхъэщ. Зым хуэмыдэжуи дин лэжьакIуэм диным къабзагъэрэ дахагъэу хэлъыр езым и щапхъэкIэ игъэлъэгъуэн хуейщ. Иужьрей зэманым Iимамхэр гугъусыгъу куэдым зэрыIууэр къыдгуроIуэ, ауэ дэ зыкъытхуэзыгъазэхэмрэ зи щхьэ къыдэзыхьэлIэхэмрэ IудгъэкIуэтынукъым, арыншамэ, ар мурад бзаджэ зиIэхэм къагъэсэбэпыну хьэзырщ. Муслъымэнхэм я зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр инщ, и зэфIэкIкIи хуэмыху хъунукъым. Дэри сыт и лъэныкъуэкIи зыфщIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ. Ауэ бзыщIа дяку дэмылъу дызэдэлэжьэн хуейщ.

Налшык къалэм и Iимам **Къэжэр Сэфудин** хъыджэбз цIыкIухэм IэлъэщI ятелъу школым зэрамыгъуакIуэр игу къызэреуэр, ар муслъымэн псэукIэм, хабзэм къызэремызэгъыр жиIащ, Iуэхум унафэ гуэр хуащIыну лъэIуащ.

Iимамхэм жаIащ дин лэжьакIуэхэмрэ властыр зыIыгъхэмрэ псалъэ къыщызэхуамыгъуэт къызэрыхъур, дин лэжьакIуэхэм я улахуэр зэрыцIыкIум къыхэкIыу щIалэгъуалэм нэгъуэщI лэжьыгъэ къалъыхъуэн хуей зэрыхъур.

ЖаIа псор къызэщIикъуэжу, КIуэкIуэм къыхигъэщащ псоми я къалэн нэхъыщхьэр жылагъуэ гъащIэр шынагъуэншэу, зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр арауэ зэрыщытыр.

- Гузэвэгъуэшхуэщ гъэпцIагъэкIэ гъуэгу пхэнж траша быныр адэ-анэм щаIэщIэкIкIэ. Дэ тщIэн хуейуэ къытпэщылъыр мащIэкъым, ауэ дзыхь зэхуэтщIрэ пэжыгъэкIэ дызэбгъэдэтмэ, цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI щIыным дытелажьэмэ, си фIэщ мэхъу куэд зэрызэдгъэхъулIэфынур. ЩIалэгъуалэм нэхъапэ зыри щыIэкъым, ар пщэдей махуэм и цIыхущ, аращ ди лъэпкъ тхыдэм, гъащIэм пызыщэнур. Дин лэжьакIуэхэр жылагъуэм нэхъ пэгъунэгъущ, гузэвэгъуэу къэхъум хэтщи, цIыхубэм я гукъеуэр нэхъ зыхэфщIэу щытын хуейщ. Фызэрыщапхъэр зэи зыщывмыгъэгъупщэ: ущиинкIэ фыIэзэм къищынэмыщIауэ, фэ жыфIэм зыгуэр къедэIуэн папщIэ, диным и хабзэ дахэхэм къанэ щымыIэу фытетын хуейщ. Абы щыгъуэщ цIыхухэм я дзыхь къыщывагъэзынур, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий и псалъэхэм я кIэухыу.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Юрий IущIащ Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэхэм.

Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар жылэхэр псыкIэ къызэгъэпэщынырщ, сату щащIэр гъэбелджылынымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэщ, къалэр къабзэ, теплъафIэ щIыныр щ. «Бахъсэн апхуэдэуи Iуэхур щыIейкъым, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм, - языныкъуэ унэтIыныгъэхэмкIэ щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ, ауэ псэукIэр нэхъыфI, зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа Iуэхухэу илъэс куэдкIэ зэтрихьахэри щыIэщ».

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ район унафэщIхэр купщIафIэу лэжьэн, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын зэрыхуейр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Москва къикIыж автобусыр щхьэпридзащ

Дыгъуасэ «Дон» федеральнэ автомобиль гъуэгум сыхьэт 16-м щыщхьэпридзащ Москва къикIыжу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэж автобусыр. А гъуэгу щIэщхъум хэкIуэда цIыхухъумрэ фэбжь зытехуа цIыху 13-мрэ ди республикэм щыщщ. Ахэр Липецкэ областым щыIэ сымаджэщхэм яшащ.

А Iуэхум теухуауэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къыщызэрагъэпэща штабым хагъэхьащ ГузэвэгъуэхэмкIэ медицинэм, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм я лэжьакIуэхэр. Лэжьыгъэ псори зэрегъэуIу КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ. Абы зэрыжиIамкIэ, уIэгъэ хъуахэм зыхуэфащэ дэIэпыкъуныгъэхэр ират Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Липецкэ областымрэ я дохутырхэм. УIэгъэ хъуахэм ящыщу щыр хьэлъэщ, ауэ, дохутырхэм къызэралъытэмкIэ, абыхэм я гъащIэм ущIытешыныхьын щыIэкъым.

ХэкIуэдари ди республикэм щыщщ. Ар 1956 гъэм къалъхуа Багъ Владимир Сейфудин и къуэрщ.

Мы щIэщхъум теухуауэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм жэщми махуэми фыпсалъэ хъунущ **8-928-078-88-42** телефонымкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ. ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

● Зэ1ущIэхэр

Кавказым теухуауе

«Кавказым дытопсэлъыхь-2014: щыналъэм и экономикэ, политикэ, гуманитар щытыкIэр» щIалэгъуалэ зэхуэсыр Налшык «Чайка» хьэщIэщым щекIуэкIащ. Горчаков Александр и цIэр зезыхьэ фондым къызэригъэпэщащ Iуэхум хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ. Абы къырихьэлIащ Урысейм, Армением, Азербайджаным, Абхъазым, Грузием, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ираным, Тыркуем, Словением я лIыкIуэхэр. Зэ1ущIэр къызэIуихащ Горчаковым и фондым и унафэщIым и чэнджещэгъу Канторов Валерий. Абы къыхиутхащ щыналъэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мурадхэр даIыгъыныр фондым и лэжьыгъэм зэрыщыщыр, а Iуэхум 2012 гъэм щегъэжьауэ иужь зэритыр.

- ИЛЪЭС кIуам мыпхуэдэ зэ1ущIэ щедгъэкIуэкIащ Дон Iуфэ Iус Ростов. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыщыз1ущIар дгуапэщ. «Кавказым дытопсэлъыхь» щыжьатIэкIэ, ди Iуэху еплъыкIэ, дызэрымыарэзыр къэдгъэлъэгъуэн, дызэчэнджэщын хуейуэ аращ. Абы папщIэ мы з1ущIэм къедгъэблагъэ жылагъуэ хьэщIэ Урысейм щIалэгъуэр зэдгъэкIуэн зэрыхуейр. Мыхьэнэ ин етыпхъэу жиIащ урысыбзэр хъумэным. Бзэм и Iуэхум щытепсэлъыхьым, Чернявскэм гу лъитащ къэралым и къалэшхуэхэм нэхъ рэ Кавказ Ищхьэрэм ар нэхъ къабзэу зэрыщыз1рахьэр.

- Зэгуэр зэгурымыIуэныгъэ гуэркэр щыIам, иджы аэр гъэзэкIуэжыным, ди зэпыщIэныгъэхэр зэрыдгъэбыдэным иужь дитын хуейщ, - жиIащ Чернявскэм, Урысеймрэ Кавказымрэ я зэпыщIэныгъэхэм я гугъу щищIым.

З1ущIэм щIэс щIалэгъуалэр Чернявскэм еупщIащ Кавказым и къэкIуэнур зыхуэдэнym теухуа и Iуэху еплъыкIэр зрагъэщIэну.

- Урысейм экономикэ пыщIэныгъэ зэхуэиIэным хущIэкъун хуейщ Кавказыр. Аращ зэрызижьыным Iэмалу щыIэр, - жиIащ Чернявскэм.

Политикэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м Постсоветскэ къохутэныгъэхэмкIэ и центрым экономикэ зыужьныгъэхэмкIэ и кIудамэм и унафэщI **Куэьмина Еленэ**, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, Ермэлы къэрал экономикэ университетым и профессор **Аветисян Самвел**, Кавказым и тхыдэмкIэ центрым и унафэщI, Цыхум и хуитныгъэр хъумэнымкIэ БакУ щыIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ **Гусейнов Ризван** сымэ тепсэлъыхьащ Кавказыр зыхэт экономикэ проектхэм, абыхэм мыхьэнэуэ яIэм. ЩIыналъэм щынагъуэншагъэр щыхъымэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхуэ кIэ къэпсэлъащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием къуэкIыпIэмкIэ и институтым стратегие, политикэ къохутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщIым и кIуэдзэ **Даур Рэмэзан**, нэгъуэщIхэри.

ЗыгъэпсэкупIэм щрагъэжьа з1ущIэм КъБКъУ-м Iущщхьэмахуэ лъапэ щиIэ хьэщIэщым щыпащащ. Экспертхэр, тхыдэджхэр, экономистхэр, юристхэр, блогерхэр тепсэлъыхьащ Кавказым зиужьын папщIэ щIэн хуейуэ къалъытэ Iуэхугъуэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Алэкъуей Мухьэмэд и псалъэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтхэм зырызыххэу ущIеплъын щыIэт.

Сурэтхэр я щыхьэтщ гукъэкIыжхэм

Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и илъэс 80-р щагъэлъапIэ гъэлъэгъуэныгъэр. НэхъыщIэхэри нэхъыжьхэри зэхуэзыщэса Iуэхум бжыпэр щызыIыгъыр сурэтхэрщ, 1933 гъэм къыщегъэжьауэ ди зэманым къэса дэжьыгъэхэрщ. А илъэсырт къэфакIуэ гуп лъэщ республикэм диIэ щыхъуар, иужькIэ «Кабардинка» цIэ дахэмкIэ абы еджэу дуней псор къихьэхуауэ...

УРЫСЕЙПСО, дунейпсо фестивалхэм, зэпеуэхэм щыпажэу къэгъуэгурыкIуэ, Иордание пащтыхьыгъуэм и орден нэхъущхьэ дыдэр зыхуагъэфэща «Кабардинка» ансамблым и тхыдэр дигу къэдгъэкIыжьыхьэу къыщIэкIынщ и илъэс 80-м ирихьэлIэу. Сыту жыпIэмэ, лъэпкъым абы къытхуищIар зыхуэдэр къэIуэтэгъуейщ. А Iуэхур сытым нэхъри нэхъыфIу ди нэгу къыщIэзыгъэувэжынур, дауи, сурэтхэр. Лъэпкъ музейм и лэжьакIуэхэм, езы ансамблым и администрацэм, республикэм щыпсэухэм зэгъусэу зыхуэтхъэса сурэтхэм къэфакIуэ гупыр цIэрыIуэ зыщIахэм ящыщу зи цIэ къыдмыIуа яхэтын хуейкъым. Ансамблым хэта дэтхэнэ зы нэхъыжьыми сурэтхэм Iэмал имыIэу зыкъыщыгъуэтыжынущ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин.**

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIа нэхъыжьхэр гукъэкIыжхэмкIэ зэдэгъуашэу сурэтхэр куэдрэ зэпаплъыхьащ. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ «Кабардинка»-м теухуа фильмхэр къэрал 47-м я телеканалхэмкIэ къызэрыщагъэльэгъуам абы и пщIэр а зэманым зэрИэтар. «Фильмхэр сэ иджыри къэс схъумащ, ауэ иджы си псэм кьыбгъэдэкIыу ахэр ансамблым и унафэщI Атэбий Игорь естыжащ, нэхъыжьхэм яубла хабзэм тету «Кабардинка»-р ноби иригъэфIакIуэу зэрылажьэм щхьэкIэ. СыщIохьэпс иджырей «Кабардинка»-м хэт щIалэгъуалэм ятеухуауи зы фильм тесхыну», - жиIащ Вэрокъуэм.

РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и и цIыхубэ артист, «Кабардинка»-м илъэс куэдкIэ къыщыфа **Алэкъуей Мухьэмэд** ансамблым гулъытэ къыхуащIар гуапэ зэрыщыхъуар жиIащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и тхьэмадэ ЩоджэнцIыкIу Леонид зи унафэщI Iуэхущ1апIэм и щIыхь тхыльрэ **ЩоджэнцIыкIу Алий** и фэеплъу Лермонтов комитетым къыдигъэкIа медалымрэ «Кабардинка» къэфакIуэ гупым яхуигъэфащащ. «Ди хабзэ дахэр, къафэр дунейпсо утыку изыхьэфам и пщIэр инщ. Ди гуапэщ «Кабардинка»-м и илъэси 100-м ар нэхъри ефIэкIуауэ дыIущIэну», - жиIащ ЩоджэнцIыкIум.

«Щэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупыр ансамблым и махуэшхущхьэмкIэ екъуэхъущащ зы уэрэдыжькIэ, «Кабардинка»-м хэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ нэхъыжьхэм папщIэ къэфащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Гъэлъэгъуэныгъэм щыIахэм я дэрэжэгъуэр инт.

«Кабардинка»-р къофэ.

Хэкум и ЛIыхъужьхэм пщIэ хуащI

Къэралым щагъэлъэпIащ ЩыIыхубзхэм я ЛIыхъужьхэм я махуэр. Налшык къалэм и ЦIыхубзхэм я советым къызэриГъэпэщащ гуфIэгъуэ зэхьхьэр теухуат Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысейм я экономикэм зиIэтыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху телъыдыжэхэм.

МАХУЭШХУЭ зэ1ущIэм къыраГъэблэгъат Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Ахъуэхъу Анатолий, Муллаев Шарафутдин, Лэжьыгъэ щIыхьым и орденхэр зыхуагъэфэщахэу Газаев Исмэхьи Амщокъуэ ХьэкIулинэрэ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат Блай Борис, Iуащхьэмахуэ куэйм щIыхь зиIэ и цIыху, «Урысейм и гущIэдзкI щIыхь» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Бондарев Леонид сымэ.

ХьэщIэ лъапIэхэм фIэхъускIэ зыхуагъэзащ ЦIыхубзхэм я советым и унафэщI Дыджэш Лидарэ Iуэху гуапэр щекIуэкIа, «КъэббалъкъэхьыпI» Iуэхущ1апIэм и унафэщI Джатэжь Розэрэ. Аэр кьытеувыIащ Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм и тхьидэм, и мыхьэнэм. ХьэщIэ лъапIэхэм псалъэ гуапэ куэд хужаIащ, абыхэм лэжьыгъэм щызэрахьа лIыгъэр, ехьулIэныгъэр яГу къагъэкIыжу. Щхьэхуэм ехьулIэныгъэ ноби куэд зэрахузэфIэкIым. Зи щхьэцыр дыжьыну къетхъуха нэхъыжьыфIхэм я нэгу ущиплъэкIэ, я гур зэманым декIуу къызэреузэ зыхэпщIэрт.

Пшыхьым къэкIуэлIаХэм IэгуаузэшхуэкIэ къраГъэблэгъащ республикэм и апэ Президент КIуэкIуэ Валерий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым и студентхэр, Азычэ Лидэ зи унафэщI, Налшык къалэ и сабий сад №95-м и цIыкIухэр.

Ахъуэхъу Анатолий, Блай Борис, Муллаев Шарафутдин, Бондарев Леонид, пшыхьым и адрей лIыхъужьхэм ещхь хъуну хуейуэ цIыкIуэм зэрыжаIэр я гуапэ хъуат ветеранхэм. А сабийхэр хэтщ республикэ махуэшхуэ куэдым, зэпеуэхэм, концертхэм. Аэр дахуэ къофэ, екIуу уэрэд жаIэ, я усэ къеджэкIэри удэзыьхэщ. Абыхэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ зрата махуэшхуэм и хьэщIэ лъапIэхэм жаIащ щIэблэ дахэ, жыджэр къаззрыщIэхъуэр, абы зэрыщыгуфIыкIыр.

Налшык къалэм ЦIыхубзхэм я советым и жэрдэмкIэ, «КъэббалъкъэхьыпIым» и унафэщI Джатэжь Роззэрэ «Синема» ООО-м и Iэтащ1хэ Бабыгуей Ларисэрэ я спонсору къызэрагъэпэща зэхьхьэр блэкIам, ди нобэм я щIэблэхэм я зэ1ущIэу жьIпIэ хьунущ. Къыхэдгъэщыщи, Дыджэшыкрэ Джатэжьымрэ иужь зэманым зэкъуэту зэдолажьэ, IуэхуфIэкэ зэфIах, адэкIи гразгъуэжьыну я мурадщ.

Махуэшхуэр яГъэдэхащ, къызэхуэсахэм дэрэжэгъуэ иратащ Даур Иринэрэ абы и студентхэмрэ. Артистхэм яГъэзэщIащ нэхъыжьхэм фIыуэ ялъаГу романсэмрэ уэрэдхэмрэ. ХьэщIэ лъапIэхэм саугъэтхэр иратри, Iэнэ берычэтым ирагъэблэгъащ. Аэр я гур, я псэр зэIуахуэ я гукъэкIыжхэмкIэ зэдэгъэщащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Кубокхэр, фIыщIэ тхылъхэр

● Спартакиадэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, республикэм и студент щIалэгъуалэм я спартакиадау илъэс къэ ирагъэкIуэкIым кърикIуахэр зэхалъхьэжри, текIуныгъэ къэзыхьахэр КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм щагъэлъэпIащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, цIыхубзхэм волейболымкIэ я командхэм я зэхьэзэхуэм, «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIам, хэтащ КъБКъУ-м, абы и колледжхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым, потребкооперацэм щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым и Налшык къудамэм, СКГИ-м, гуманитар-техникэ колледжым я команд кьыхэхахэр.

Сыт щыгъуи хуэдэу, бжьыпэр яубыдащ КъБКъУ-м и студентхэм. Университетым и колледжхэм я командэ кьыхэхар етIуанэ хьуащ, КъБКъМУ-м и гупыр ещанэщ.

Республикэм спортымкIэ и министр Хьэщт Асльэнбэч тепсэлъыхьащ КIуэкIуахэм кубокхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ яритащ.

- Студент спартакиадэр егъэкIуэкIыным гулъытэ нэхъыбэ хуэщIыпхъэщ. Командэ спорт зэхьэзэхуэхэм нэхъри уэрэкъуегъэувэ, ныбжьэгъуэгъэ егъэбыдэ, - кьыхуигъащ министрым.

З1ущIэ гуапэм кърагъэблагъахэм кьыхалъхьащ, волейболым кьыдэкIуэу, баскетболри, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэри къэгъэщIэрэщIэжьын, студент щIалэгъуалэм нэхъ зыуфIгъуаэу ядэлэжьэн зэрыхуейр.

Сыт щыгъуи хуэдэу, бжьыпэр яубыдащ КъБКъУ-м и студентхэм. Университетым и

Нэщэнэ дахэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым мы махуэхэм щагъэлъагъуэ Аккизовэ Имарэ и сурэтхэр. Ар трауухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сурэтыщI бзылъхугъэм «Илъэсым и цIыхубз» цIэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщам.

АККИЗОВЭ Имарэ и Iэдакъэщ1экIэр куэд щIауэ цIыхухэм фIыуэ яльэгъуащ. Езым и яп1э гъэлъэгъуэныгъэр, фигу къэдгъэкIыжьынщи, абы къыщыщзIуихауэ щытащ Кулиев Кьайсин и уна-музейм (2009 гъэм). Ар дахэу и адэанэм, художникхэу Екъубрэ Сиярэрэ, я щапхъэм ирокIуэ. Имарэ гъащIэм зыдесэгъэкIу сурэтыщIщ. Ар хэтащ моделер Сэралъп Мадинэ иригъэкIуэкIа «В реке времени» проектым, абы ищI гуащэ зэмылIэужьыгъуэхэри гъэщIэгъуэныщIэщ.

Сурэтыщым лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьыр, и Iэщ1агъэм ар зэрыхуэIэижьыр кьыхагъэщащ гъэлъэгъуэныгъэр къыщыщзIуахым кьрихьэлIа псомИмарэ иужьрейуэ утыку кьрихьа сурэтхэм кьыщыгъэлъэгъуар бзылъхугъэхэм я теплъэхэрщ. Цыхубзым и нэщэнэу, сурэтхэр кьызэрымыкIуэу гъэщIэрэщIащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир, КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Темыркъан Геннадий, искусствовед Сэндыку Нелли сымэ Аккизовэ Имарэ ехъуэхъуащ лэжьыгъэ дахэ куэд иджыри кьеХъулIэну.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаззм и 20, *щэбэт*

♦**1ЦIыхуэхэм я зэкъуэтныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1699 гъэм** Пётр Езанэм IэщIидзащ «ИлъэсыщIэр къыщихьэр зэлъпIэным теухуауэ» унафэм.

♦**1917 гъэм** ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщIу ягъуэтащ **Дзержинский Феликс**.

♦КъБР-м щыIхь зиIэ и журналист, публицист **ГъуапльащIэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦ТхакIуэ, журналист, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь **ХьэIупщы МуIзед** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щыIэр 1 градус щыхьунущ.

Дыгъэгъаззм и 21, *тхьэмахуэ*

♦**1237 гъэм** монгол хъан Батий и дзэм Рязань игъэсащ.

♦1899 гъэм дунейм кьытехьащ «Огонёк» журналым и яп1э кьыдэкIыгъуэр.

♦**1944 гъэм** ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщIащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Уоржайнэ, Лэскэн районхэм гаэт кьыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

♦ТхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Iэулдин** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щыIэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъаззм и 22, *блыщхьэ*

♦**Энергетикым и махуэщ**

♦**Махуэм кьыхэхъуэжу щIедзэ**

♦1790 гъэм Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапIэр кьищтащ.

♦**1920 гъэм** Урысейр электрификацэ щIыным теухуа къэрал план (ГОЭПРО) зэхалъхьащ.

♦2001 гъэм Налшык кьыщызэIуахащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ (ГКЗ).

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, махуэм уэшх тIэкIу кьыщешхынущ, жэщым уэс кьыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щыIэр градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬОКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Ветеранхэм гулъытэ хэха ягъуэт

Ветеранхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «БОЕВОЕ БРАТСТВО» зыфIащам, и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм илъэс къэс ирегъэкIуэкI щыхъуэр къезыщIэкI IэнатIэм а Iуэхутхьэбзэр нэхъыщхьэм нэхъыфIу яхуэзыщIэр къэгъэнэIуэным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Ар Iыхьищу гуэщащ: «Къеъэшэжкl нэхъыфI», «Маршрут нэхъыфI», «Шофер нэхъыфI» жиIэу.

СОВЕТЫМ и зи чэзу зэ1ущIэм 2014 гъэм я лэжьыгъэм кьрикIуаэкр щызэхалъхьэжащ. ЦIыхубзхэр, хэхауэ ветеранхэр, нэхъыфIу кьезыщэкIыу кьалъытащ Къуэдзокъуэ Амырхъан зи унафэщI «РАЛПИ-СПОРТ» ООО-р, маршрут №25-р нэхъыфIщ. Шофер нэхъыфIхэу кьалъытащ Хьэжкъуш Аскэрэ Тхьэмокъуэ Валерийрэ.

«БОЕВОЕ БРАТСТВО» урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщI Гъукlэ Хьэсэнбий абы и унафэщI Къуэдзокъуэ Амырхъан текIуныгъэм и сертификатыр, я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъхэмрэ «РАЛПИ-СПОРТ» компанием кьыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтхэмрэ шоферхэм щаритыжащ.

Рулым дэсхэм я лэжьыгъэм гулъытэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ Къуэдзокъуэм фIыщIэ ищIащ икIи цIыхухэм кьалэ маршрутхэр кьагъэсэбэныпIэр нэхъ тынш щащIыну, нэхъхьжьхэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр нэхъри ирагъэфIэкIуэну жиIащ.

МЭРЕМЫКIЪУЭ Динарэ.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхьуащ Бгы лъагэ геофизикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, профессор **ЛIыс Мухьэмэд Индрис и къуэр** дунейм зэрехьжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэ илъагъу нэ ещIэж.

Зэхьэзэхуэхэр

Ди щIалэхэр нэхъ къарууфIэщ

Урысейм Iэпщэрыбанэмкlэ и чемпионатыр дыгъэгъаззм и 12-м къыщыз1уахащ Налшык дэт спорт комплексыщIэм. Зэпеуэр къызэрагъэпэщащ Хэку заузыкуэр зэриуэрэ илъэс къакIуэм илъэс 70 зэрырикъуэм зыхуэгъэзыщIыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэм хьыхьэу.

ЧЕМПИОНАТЫМ хэтын щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъащ къэралым и щIыналъэ 45-м кьикIа спортсмен 270-рэ. Москва, Санкт-Петербург, Омск, Челябинск, Волгоград, Ставрополь, Шэшэн, Дагъыстэн - Урысейм и хэгъуэгу нэхъ жьыжьэхэми гуэнгъуэхэми кьикIат спортсменхэр. КъыхэтэлъащкIуэжьи зыхэзыгъащIамкIэ, чемпионатым щытекIуэхэм Iэмал яIэнущ етIанэгъэ Москва Iэпщэрыбанэмкlэ щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтыну.

КъБР-м спортымкlэ и министр Хьэщт Асльэнбэч чемпионатыр къыщызэIуихым къыхигъэщащ зэхьэзэхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыкIуэкIыр зэрыщыщIыгъуэрыкIыр, абы къызэхуишэса щIалэгъуалэр нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къызэрилъытэр.

Алхуэдэу, чемпионатыр зэрекIуэкIым кIэлIыплъу Налшык щыIащ Iэпщэрыбанэмкlэ урысейпсо, дунейпсо федерацэхэм я унафэщIхэу Харитонов Валерэрэ Астахов Сергейрэ. «Чемпионатыр зэрекIуэкIынум сыт и лъэныкъуэкIи хуагъэхьэзыращи, фIыщIэ яхуэзощI Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортымкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм. ЗэрытщIэщи, Iэпщэрыбанэри спортым и лIэужьыгъуэ зызыужьащ, абыкIэ екъуIэнэныгъэ зиIэ щIалэгъуалэри ди мащIэкъым», - жиIащ Харитонов Валерэ.

КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм хьыбар кьызэритамкIэ, махуищкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэм медалиплI (дыщэу тIу, дыжьынрэ жэзу зырыз) кьыщахьащ. Яп1э уиплIэхэр зыIэрагъэхьащ Урысейм спортымкlэ щIыхь зиIэ и мастерхэу Бесльэней Нур-Мухьэмэдрэ (килограмм 75-рэ хьулъэней ящIащу) Мьрзэжьан Азэмэтрэ (кг 90). ЩIалитIри мызэ-мытIэу Урысейм, Европэм, дуней псом я чемпион хьуащ, 2014 гъэм дуней псом и кубокым текIуэныгъэ кьыщахьащ. Чемпионхэр зыгъасэр Мамхэгъэ Хьэчимрэ Iэдэмрэщ.

Урысейм и чемпионатхэм дыжьын медалыр зыжьанэрэ щызыIэрызыгъэхьа Дзэмыхь Наурыз (кг 60) мы зэпеуэми етIуанэ щыхъащ, нэгъабэ Урысейм и чемпионатым текIуэныгъэ щызыIэрыхьа Тхьэкъуахъуэ Мурадин жэз медалыр ираташ. СпортсменитIри Дыджэ Алим егъасэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГЪЭУНЭ Борис

● Псалъэжьхэр

Унэ зимыІэ бей щыІэкъым

♦Зэманыр къожьэркъым.
♦Зы мэлыфэ тІэу трахыркъым.
♦Лыгъэ зыдзыр хесхьэж.
♦Мардэ зимыІэ щыІэкъым.
♦ПащІэм къимыхьыр жьакІэм къихьыхьыркъым.
♦Уигу ирихьыр Іэфіщ, фІыуэ пльагъур дахэщ.
♦Унэ зимыІэ бей щыІэкъым.
♦Фыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыІуэрщ.

Рассказ

Анэшхуэм и псалъэ

Пшэ-данэпс бзыхьэхуэхэр уафэ къащхьуэ джабэм хуэм дыдзу щесырт. Дыгъэм и дыщэ Іуданэ минхэр кьишэщІащи, щхьуантІагъэм щІигъэна щыІуэм къодэхащІэ. Пшэдджьыжьыпэ дахэщ. Хьэуар фоупсу кьыпІуроІэфІэ. Къуалэбзум я пшыналъэр макъамэ гуэкІуэу гумрэ псэмрэ йобзэрабзэри укъыззэщІеІэтэ, къаБзагъэм, дахагъэм, фІым укъыхуигъэшуу.

Спэмыжьыжьэу щыт псей жыгішхуэм и къудамэ кьелъэхъшхэм бзу шхынІыпэ кІэрыщІам бзылъхугъэ гуэрхэм хэт щІакхъуэ щыкъуей трелъхьэ, хэти хугу тІэкІу трегъэщащэ. Ахэр зэрыІукІуэту, бзу щыкІуэхэр зэрызехьэу уэру къоЛъэтыпІэ. КьелъэтыпІэ щхьэкІэ, жэнэт бзу щыкІухэми дыщэ бзу щыкІухэми зыри кьалъысыркъым. Абыхэм ялэ къишэ бзуухъу гъуабжэжь гуэрым зыкъегъэщыджри, мохэр къыІуегъэщт. Езыр ерыскъым лъакъуащхьэкІэ хэуваци, мэуІуэ. Бзу анэра хъунт, кьыбгъэдэсщ нэгъуэщІ зыи, абы и гугъу ищІыркъым, хуиту ар егъашхэ, зззэмызи доджжэгу. Апхуэдэхэм деж Іусыпльэр мащІэу щІохьаери, щхьынигъэшэм щыщ гуэрхэр щІым къытощащэ. Дыщэ бзу щыкІухэм зыкърадзыхри, кІэрыщэщхэр нэпсейуэ зэщІащІэпэ.

Иужьым абыхэм ящыщ зым зеІэт: жыгІащхьэм тес и шырым кьилъэтыхьыфырт, ауэ и дамэ щыкІухэр иджыри жэпхъыпатхъыми, пкІатлъэтэу и Іыхьэ къуихудыфу къыщІэкІынутэкъым, йолъэтЫпІэри хуихьар и жьэм жьэделъхьэ, модрейм ирегъэнэх, аргуэру кьыхуекъ - ирегъэлъэтэх, итІанэ зеутхьипщІ, гуфІэжу щІофиихьыжри, и анэм пэплъэу мэтІысыж.

Бзуухъжьым игу техуагъэнтэкъым мо щыкІухэм кІэрыщэщхэр зэращыпри, бзу щыр щыкІум абы щыщ зэрыІухуэри. Ар зыпТэкІуре кІакІэщ, и цыр кьиІгъэтэджри, кьудамэхэр тІэу-щэ къызэхипкІыхьащ, итІанэ и щхьэр Іушэ ищІурэ жыгІащхьэм дэпльеящ. Иужьым зиІэтри, мо щыкІум зытридзащ. Бзу щырым бийр ущхьуэдэмышцхьуэу теуати, и дамэ щыкІуитІкІ къызэрыхуэгъэІурыщІэж щІагъуэ щымыІэу, хущІихулыкІ щІыкІэу удзыпщІэм къыхэхуащ.

Бзуухъжьым ар ифыщІыну иужь ихьат, арщхьэкІэ дэнэт. Жэнэт бзуэри дыщэ бзуэри зэхьыхьэу а Іеижьыр Іуамыгъэщтамэ, тхьэмыщкІэр и Іуащ1эм пыкІат. Ар щыст иджы и дамэ щыкІуитІыр Іэпыхуарэ елэлэхьу, и жьэ щыкІур ущІарэ ерагъмыгъуейуэ бауэу. И анэр мэгуІэ, гузэвэгъуэр тельщи, и шырым ихьуреягъэр зэм кьепкІыхь, зэми кьелъэтыхь.

Сэри согузавэ, тхьэмыщкІэр сфІэгуэныхьщ. Бзу шырым щыхуІэ елэбмэ, и анэм ищтэжырхьым жалэу зэхэсхати, зыкІи сыдэІэпыкъуфырхьым. И кьару езыр-езыру къызэрыгъуэтыжьынкІэ согугъэ. Апхуэдэуи хъуащ. ТІэкІу дэкІри, мо щыкІум и дамитІыр зыгуилъэжащ. Арати, кьуалэбзум я пшыналъэр къызэфІащІожащ. СогуфІэ сэри. Псори тэмэм хъужа хуэдэщ.

Ауэ тэлай хуэдэ докІри, а пшыналъэ дахащэм зехьэужь гузэвэгъуэ-щтагъуэ макъкІэ: шынагъуэшхуэ гуэр гъынэгъубзэ кьазэрыхуэхьуар гурыІуэгъуащ. Псори зэрызохьэ, зэрогъэкІий, хэти мэкІакІэ, хэти «КІаукІащ». Абы хэту джэдгыныбфэрэ щхьэтоп хъужаеу зы бзу пІащэшхуэ гуэрым мывэм хуэдэу зыкъредзых. Зыкъредзыхри, ерыскъым лъакъуащхьэкІэ хэту уІуа бзуухъуэ, иджы зыззэхуэзышэпауэ щысым, зытредзэ. Бзу щхьэтопым ар и лъэбжьанэхэмкІэ зэуэзэпсэу епхъуэта, щыр кьыкІэрылъэлъу еІэтри Іуех. «ЩІий-щІий-щІий», - мэгуІэ бзуухъжьыр, и макъым кьыхощ и гъащІэм зэрыпыкІар. Зыпэмылъэщ лъабжьанэхэм ар зэкІуэцІапІтІэ...

«ИджыпстукІэ схуІэокІ. Сызыхэтым сатокІуэ, софІэкІ жыхуэпІэракъым Іуэхур. АтІэ, а уэ зэгуэр зепхьа лейр нэгъуэщІым къущІищІэкращ. Кьаруушэр, зыхуэзофІэмыкІІар зэи теІэпхъэ умыщІ, си сабий. Ар зыхуэгъуэ щыІэкъым...»

Сыщыст, бзу щыкІухэм иджы кьапэрымыцІыуэ хуиту Іусыр зэрашхьи сызджыкІэлъыпІпым, сыщысабий лъандэрэ си анэшхуэм кьызжиІэ а псалъэ Іущхэр аргуэру сигу къэкІыжауэ.

Жэбагъы и цІыхухэр и гъусэу Аруанрэ Дыгъужьыжькъуейрэ я зэхуакум иІэ къуэКІиишхуэ гуэрымкІэ щыпсэууэ щытащ. А зэманым цІыхур апхуэдизу ІэмыкІуэльэмыкІуэу, гугъу ехьу псэуртри, фызхэр абы иКІыурэ Дыгъужьыкъуей кІуэртри, Шэрэдж псы кьрахырт, пхъэхькІэ.

Махуэ гуэрым Жэбагъы Іуэху иІэу Дыгъужьыкъуей кІуэрт, шууэ. Дыгъужьыкъуей бжьэпэм щытехьэм, фызитІым къуэКІиим псы пхъэхьклІэ къыдахри къыдэКІыжауэ, нэгъуэщІ фызитІи псыхьэ кІуэти, зэрихьэлІэжащ, Къуажэм дыхьащ. И Іуэху зэфІэкІри кънгъэззжауэ, фызхэр псалъэу зэхэту кьрихьэлІэжащ.

Жэбагъы мурад ищІащ: «Ди цІыхубзхэм мыпхуэдиз бэлыхь ятелъу мыпсэупІэ тхуэхъункъым!» Абдежым къуажэр игъэІэпхъуэри, Дыгъужьыкъуейм я нэгъажкІэм пигъэтІысхьащ, Къэзанокъуейкіэ еджэу. А цІэр ямыгъэкІуэдауэ, ноби а къуажэкІэ хьэблэм Къэзанокъуейкіэ йоджэ.

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкуц.

● Лъэпкъ щхьынигъуэхэр

Джэдыл гъэва, прунж гъэлыгъуа хэлъу

Мыр щапщэфІкІэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар г 30-40 хъу тыкъыр цІыкІуурэ зэпаупщІ е зэпауд, ятхьэщІ, псы щІыІэм халъхьэри, зэ кьытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр трах, шыгъу хадзэ, мафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэжри ныкъуэзфІ хъуху трагъэт, тхъурымбэр кьытрахыурэ.

Адэкіэ прунжыр зэхащІыпкІ, ялъэс, кхъуэзанэм иракІутэри игъэтгъущ, тхъу зыщыхуа тебэм мыІув Іейуэ иракІутэ, чымчыркІэ зэІащІэурэ тхъуэпль хъуху ягъэпытгъуэ. ИтІанэ ягъэупщІыІури щІагъэпщыж. Ар джэдыл вэм хакІутэ, зэІащІэ, шыуаныщхьэр трапІэжри мафІэ щІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкъ.

И кьытехыжыгъуэм деж лэпсри щІэвэщІауэ, прунжри вауэ, зэкІрыщэщу щытын хуейщ. Хьэзыр хъуа ерыскъым шыбжий сыр зыхэлъ бжьын гъэлыбжьа хадзэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъинкъэ зыщыплІкІэ пэшхьэкубгъум трагъэт. Пщтыру яшх. ЩІакхъуэ дашх хабззщ.

***Халъхьэхэр** (цІыхуищ Іыхьэ): джэдылу - г 600, прунжу - г 300, тебщыхуэ тхъуэ - г 30, псы уэ - г 1200-рэ, бжьынщхьэу - г 50, бжьыныр зэрагъэлыбжьэн тхъуэ - г 60, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.*

«Адыгэ шхынигъуэхэр» тхыльым кьитхыжащ.

● ЖыІэгъуэхэр

Іущыр нэрыплъэншэуи жыжьэ мэплъэф

● Бжьэ зи куэдым фор и хьэщІэ шхынщ.
● Батырыбжьэм уефэн и пэкІэ ар щІатыр зэгъащІэ.
● Уи лІыгъэр къэбгъэлъэгъуэн щхьэкІэ, зауэ Іэнатіэ ухуей-тІэ?
● Адыгэлі и псалъэ епцІыжыркъым.
● Жэщми махуэми макІуэ, и пІэм имыкІыу.
● Ерыскъыкіэ къэпхъ псапэр псом я лейщ: ар жэнэт гъэзмылэщ.
● Шы джалъэм гъуэгуанэшхуэ къыззпичауэ арщ, цІыху джалъэм и гъащІэ гъэзгуанэр ихъащ.
● Шы къарэ дахэ мыжъ нэхърэ жагъэфІ зиІэ алащэ кхъбыфжьь.
● Іущыр нэрыплъэншэуи жыжьэ мэплъэф.

КІУАНТІЭ Іззид.

Жылэр зэригъэІэпхъуар

● Іуэрыіуатэ

Жэбагъы и цІыхухэр и гъусэу Аруанрэ Дыгъужьыжькъуейрэ я зэхуакум иІэ къуэКІиишхуэ гуэрымкІэ щыпсэууэ щытащ. А зэманым цІыхур апхуэдизу ІэмыкІуэльэмыкІуэу, гугъу ехьу псэуртри, фызхэр абы иКІыурэ Дыгъужьыкъуей кІуэртри, Шэрэдж псы кьрахырт, пхъэхькІэ.

Махуэ гуэрым Жэбагъы Іуэху иІэу Дыгъужьыкъуей кІуэрт, шууэ. Дыгъужьыкъуей бжьэпэм щытехьэм, фызитІым къуэКІиим псы пхъэхьклІэ къыдахри къыдэКІыжауэ, нэгъуэщІ фызитІи псыхьэ кІуэти, зэрихьэлІэжащ. Къуажэм дыхьащ. И Іуэху зэфІэкІри кънгъэззжауэ, фызхэр псалъэу зэхэту кьрихьэлІэжащ.

Жэбагъы мурад ищІащ: «Ди цІыхубзхэм мыпхуэдиз бэлыхь ятелъу мыпсэупІэ тхуэхъункъым!» Абдежым къуажэр игъэІэпхъуэри, Дыгъужьыкъуейм я нэгъажкІэм пигъэтІысхьащ, Къэзанокъуейкіэ еджэу. А цІэр ямыгъэкІуэдауэ, ноби а къуажэкІэ хьэблэм Къэзанокъуейкіэ йоджэ.

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыкуц.

Псалъэзэблэдз

***Екіуэкіыу*: 2.** Узижагъуэм и нэм ... ущІоуэ. **5.** ... зэхэуэгъуэ. **9.** Къуацэчыщэ. **11.** Кьалмыкъ ... е къэрэкъурэ .... **12.** Іэпсльэпс. **13.** Хадзэкі зыхащІа хьэсэм хэс цІывышхуэ. **15.** Іэщ егъэзыпІэм е хадэмрэ пщІанТІэмрэ я зэхуакум халъхьэ куэбжэ. **17.** Мэл ... е шы ... . **19.** Уафэм кьех мыл тыкъыр цІыкІу. **20.** Мусльымэн диным и хабзэхэр нэсу зыгъэзащІэ цІыхур дунейм ехьыка нэужь ар увыІапІэ хуэхъуу жалэ. **22.** Пшэр, зэпэкъурей. **25.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **26.** ТхакІуэхэу, журналистхэу Къэрмокъуэхэ Мухьэмэд, Хьэмид, Хьэфыщ Мухьэмэд, уэрэдусхэу Щомахуэ Хьэсэнбий, Согуэ Данил, уэрэджьыІакІуэ Нэхущ Чэрим сымэ я кьуажэ. **30.** ... гъущэфыльрэ фыз игъэплъа лІырэ. **32.** Мэз бжьыныхь. **34.** ... вы бжьакъуэм кьокІ. **35.** Пщыкъым и щхьэгъусэ. **37.** Краснодар щІынальэм кьыщагъэкІ ерыскъыпхъэ. Китайм, Корее Ищхьэрэм, Японием я шхынигъуэ нэхъыщхьэхэм щыщщ. **38.** Удз пІэужьыгъуэ. И кулсэр ящх. **39.** БгырыпхыщхьэІ. **41.** Егъэлепчуэ дунейр щыщІыІэ. **42.** Зиусхэн льэпкъ. **44.** КьурІэн цІыкІу. **45.** Министр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист.

***Кьехьу*: 1.** Удз ... е щхьэщ ... . **3.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, фом нэхърэ ... нэхъ Іэфіщ. **4.** Нэхъапэм адыгэм зэрахьэу щыта хьэкъущыкъур, таскъубГаныр а гъущІыкІэм кьыхэщІыкІауэ щытащ. **6.** Хуэм дыдэу фІэкІ земыкІуэ псэущхьэ: щІыпІэми псыми щопсэуф. **7.** Ди гъунэгъур апхуэдизкІэ мыпІкъм кьигъэбэтати, ... 12 хъуэ, кьатищу зэтету унэ ищІащ. **8.** Бырмамыт Гуащэкъэрэ, Къуэдз Іэбубэчыр, Сэхъу Хьэсэн, Хьэпащэ Заудин сымэ я ІэщІагъэр. **10.** Нартхэм я гуащэ. **14.** Языныкъуэ къуажэдэх унагъуэхэм я фІэІуГъэхэр, нэгъуащІ ерыскъыпхъэхэр абы щахъыжэ хабзэщ щІымахуэм. **16.** ... зытеуэри мэгурым, пщІащэ зытехуэри мэгурым. **18.** Адыгэ таурыхъхэм узыщІрихьэлІэ шы лъэрызехьэ: икІи мэпсалъэ, икІи мэлъатэ. **20.** Къэбэрдей композитор. **21.** Куаншагъэ зылэжьам ... тралъхьащ. **23.** Махъсымэм щІэтІысыкІ. **24.** Кьурш лъэныкъуэмкІэ кьриху жьы щІыІэтыІэ. **27.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **28.** Адыгэ таурыхъхэм узыщІрихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **29.** СССР-м и лІыщхьэу илъэс 18-кІэ щыта. **31.** ... щІыкІу бжьакъуэшхуэ. **33.** ЩІожьей е джэду ... . **36.** «ПыІэ ... плъыфэм уи фэр изопльри, лъахъшэу щхьэрызокъуэ ...» - Къэжэр Индрис Хэку зауэшхуэм и пэкІэ иуса икІи езым игъэзащІэ уэрэд цІэрыІуэм щыщщ. **37.** ... нэр ирещІ. **40.** ... лъакъуэ шкІэ иуКІрэ? **41.** Фызыр и гъунэгъум хуотхьэусыхуэ: «Си кьуэм кьиззрищэрэ зы махуэ ... жызигъэІакъым нысащІэм». **43.** Зи Іуэ из нэхърэ - зи ... ит.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

***Дыгъэгъаазм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*:**

***Екіуэкіыу*: 5.** Кьуэлэн. **6.** Мэдий. **9.** Бжьын. **10.** Нал. **12.** Тебэ. **15.** Зэ. **16.** Бэрэжьей. **17.** Уд. **18.** Хей. **19.** Щынэр. **21.** Дыгъу. **24.** Кьэб. **25.** Бзу. **26.** Еру. **29.** Лал. **30.** Шэрэдж. **32.** Псы. **33.** Сэ. **34.** Іупэцабэ. **36.** Уэ. **39.** Епэр. **40.** Аму. **42.** Аркъэ. **43.** Джарым. **44.** Сабыр.

***Кьехьу*: 1.** Пэжьым. **2.** Кьунан. **3.** Іумыл. **4.** «Тисей». **7.** Абаззхэ. **8.** Лъэгудыгъуэ. **11.** Афэ. **13.** Лъэпщ. **14.** Деур. **20.** Назир. **22.** Губжь. **23.** Жлъэй. **27.** Елисеев. **28.** Фыгъуэнэд. **30.** Шыпс. **31.** Джабэ. **35.** Цым. **37.** Бэракъ. **38.** Хьуржьын. **40.** Арму. **41.** Уасэ.

● ТхылъыщІэ

«Псыхъуэгущэ»

Аращ зэреджэр иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм Мэз Аниуар къыщыдигъэкІа и тхылъым. Зи усыгъэхэмкІэ сабийхэр зыгъэгуфІэ Мэз Аниуар и тхыгъэхэр щІэх-щІэхыурэ къытохуэ «Адыгэ псалъэ» газетми, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэми.

АНИУАР и сабий усэ нэхъыфІхэр щыІэзэхуэхьэса ещанэ тхылъщ «Псыхъуэгущэр». КъыдэкІыгъуэм ихуа усэ 25-ри сабийбзэ кьабзэкІэ тхащ, цІыкІухэр тыншу кьеджэнущ, гукІи зэгъащІэгъуафІэ хъунущ.

Сабийм и гум удыхьэу, и псэм зыхебгъащІэу утхэнар, дауи, тыншкъым. Абы папщІэ усэр зэрыпльэлъу щытын хуейщ, сабийм и дунейм нэхъ щІэщыгъуэу хэтырщ абы лъабжьэ хуэщІыпхъэри. Тхылъым ихуа усэхэм укъыщеджэкІэ, Мэзыр а Іэхум зэрехьулІар наІуэ мэхъу.

Усэхэр теухуащ унэ псэущхьэхэм, кьэкІыгъэхэм, сабий джэгукІэхэм, цІыкІуэм зыпащІ щымыІэ дадэрэ нанэрэ. ЖыпІэнурамэ, усэхэм укъыщеджэкІэ пхуэзфІэмыкІыу сабийм и дунейм ухешэ.

КъыдэкІыгъуэр плъыфэбзу гъэщІэрэщІащ, усэхэм зи гугъу щыщІа Іуэхугъуэхэр Іупщ1у нэгум кьыщІагъэхьэ художник Парэевэ Ларисэ дэтхэнэ зы тхыгъэми хуищІа сурэтхэм.

Сабийхэм яхуэгъэзащэ адыгэ тхылъу щыІэр зэрымащІэр кьэплъытэмэ, мыр икъуэкІэ дызыхуэныкъуэщ. Догугъэ дапэкІи Аниуар и Іэдакъэщ1экІэхэмкІэ ди сабийхэр куэдрэ игъэгуфІэну.

ТхылъыщІэм ит усэхэм щыщ ди гуапэу тыдодзэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Псыхъуэгущэ

Псыхъуэгущэ,
Псыхъуэгущэ,
Уэ ущыІэр пэж?
Удмылъагъуу
Зыдгъэпскіауэ
Дэ зыдохуэпэж.
Пэж уи щхьэцыр
кІыхьыр?
Уи пкъыр
Бдзэжьейм ещхьыр
пэж?
Таурыхъхэм
Уи хъыбархэр
Дахэу яІуэтэж.
ТхьэІухуду
Псыхъуэгущэ,
Псыхъуэм
щыпащтыхь,
ПхуэщІын хьшхуэр,
БгъэІурыщІэу,
ЩІимыльъафэу
кхъухь?

КІарц гъэгъа

Ди хадэбгъум
Іут кІарц жыгыр
Къэгъэгъауэ
Нэху къекІащ.
Гъэгъам щыщ
ЗыІузгъэхуэну
Сэ абыкІэ
СекІуэкІащ.
КІарц мэ гуакІуэм,
Къигъэушри,
Бжьэхэр матэм
къыдишащ.
«Ди фо Іыхьэр
Ешхьж», - жари,
Лъейуэ
Сыкърахужьащ...

ЩІымахуэ шылэ

Уаещ нобэ,
Уае дыдэщ,
Хъуреягъэр
ЗэщІэщтхьащ.
Сыдэтыфкъым
Куэдрэ щІыбым,
СокІуэж унэм -
СыпІыщІащ.
Бжэр Іусхыну
СыщыІэбэм,
Бжэкъум си Іэр
КІэрыпщІащ.
Игъэузри -
Сигъагъыным
ТІэкІунитІэщ
ИІэжар...
КъыщІихщ нанэ
Псы къубгъани,
Бжэкъу дияр
Къигъэвыжащ.

Іуащхьэ

Ди къуажэбгъум
ЩыІэ Іуащхьэм
ГъуэрыгъуапщкІуэ
Дыщоджэгу.
Іуащхьэр лъагэщ,
Уафэм щІэуэу,
Дыщоджэгури -
Дыщоджэгу...
Балигъ дыхьумэ,
А ди Іуащхьэр
КъэкІыжынщ
Дэ куэдрэ дигу.
Зым пэдмыщІ
Ди сабиигъуэр
Къытednэнщ,
Абы и щыгу.

Жьыр мэпхъанкІэ

Жьыр мэпхъанкІэ
И фІэщыпэу -
Чыным хуэдэу
Мэджэрэз.
КъыпощІэхуэр
ЗэщІещыпэ,
Ар лъэныкъуэ
Ирегъэз.
Къабзэ дыдэу
КъытхуипхъэнкІри,
ПщІанТІэм
щэхуу
ДэкІыжащ.
Си лэжьыгъэр
ЗэфІэгъэкІри,
И гъэзгуанэ
Техьэжащ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
ХьэфІыщІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Шъиласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КьыдзэзыгъэкІэжрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхутыгъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекуэ зэпыту щытхьым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору НэщІэныджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытІыкІ Азэмэт *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр яцІащ* Доц Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзырац.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3628 ● Заказ №2463